# ТхьэлIыкIоу Юныс,
# Рут,
# Эстэр

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр
Москва, 2006

**ТхьэлIыкIоу Юныс,**
**Рут,**
**Эстэр**

ЯшIошIыхэр къыраIолIэнхэм пае
ibt_inform@ibt.org.ru

ISBN 5-93943-101-1 © Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва, 2006

## ПэублэгущыI

### Ныбджэгъу лъапIэхэр!

Библием щыщэу тхылъищ зы кIышъо яIэу шъуапашъхьэ илъ. Библиер – дунаим анахь щалъытэу, нахыбэрэ заджэхэрэ тхылъмэ ащыщ, джащ къыхэкIэу цIыф пэпчъ, чIыпIэу зыщыпсэурэм, лъэпкъэу зыщыщым е динэу ыIыгъым ямылъытыгъэу, иныдэлъфыбзэкIэ ащ еджэнэу амал иIэн фае. ЦIыфхэр сыдрэ лъэхъани зыгъэгумэкIыщтыгъэхэ упчIэхэм яджэуапхэр Библием къетых: тыдэ тыкъикIыгъа, сыда тызфыщыIэр, сыда ер дунаим зыкIыщыбэгъуагъэр, цIыфыр зылIэжьыкIэ, сыда къыпэщылъыр? Библиер – чыристан диным анахьэу ыгъэлъэпIэрэ тхылъ, ау чыристан закъомэ апае ар тхыгъэу къызшIошIыхэрэр хэукъох. Библием иIахьэгъубэхэр быслъымэнхэмкIи лъапIэх. ГущыIэм пае, КъурIанми къыхэфэрэ тхьэлIыкIохэм (пегъымбархэм) яхьылIэгъэ къэбархэр. Мы тедзэгъум къыдэхьэрэ тхылъищмэ ащыщэу зыр тхьэлIыкIоу Юныс, адрэр пачъыхьэу Даут къызтекIыгъэмэ къатегущыIэ.

Библием къыхэхыгъэ тхылъэу мыщ къыдахьэрэ пэпчъ пэублэ гущыIэ кIэкI иI, ахэр зыфэгъэхьыгъэхэр – тхылъыр къызтегущыIэрэр, ащ игъэпсыкI, хъугъэ-шIагъэхэр зэпхыгъэ лъэхъаныр ары.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтым – цIыф лъэпкъыбэмэ абзэхэмкIэ Тхылъ ЛъапIэр зэзыдзэкIырэм – игуапэу адыгэмэ абзэкIэ Библием щыщ тхылъхэр къыгъэхьазырыгъэх. Ахэм язэдзэкIын цIыфыбэ хэлэжьагъ: зэдзэкIакIохэр, диншIэныгъэлэжьхэр, редакторхэр. ЯIофшIагъэ пкIэнчъэ мыхъунэу тэлъаIо!

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр*

# ТхьэлІыкІоу Юныс



## ТхьэлIыкIоу Юныс
## ехьылIэгъэ тхылъым ипэублэ гущыI

Юныс зыщыIагъэр тиэрэ ыпэкIэ 793–753-рэ илъэсхэм азыфагу е израиль пачъыхьэу ЯтIонэрэ ЯрэбIэм итетыгъом ыпэкIэ е итетыгъом илъэхъан. А лъэхъаным Израиль зиушъомбгъугъэу щытыгъ, Ассириеу бэшIагъэу Израиль ипыигъэм иIофхэр дэигъэх. Хьыкумэу щыIэщтым икъэбар Ассирием игупчэ къалэ щигъэIунэу Зиусхьаным унашъоу къыфишIыгъэр Юныс фэмые хъатэу егъэцакIэ, сыда пIомэ цIыф лъэпкъэу зыщыщым ипый кIочIэшхо ибзэджэшIагъэхэр Тхьэм фигъэгъунхэм тещыныхьэщтыгъэ.

Тхьэм уIэкIэкIын зэрэмылъэкIыщтыр, Ащ фэмыукIочIын зэрэщымыIэр, гукIэгъушхуи зэрэхэлъыр тхылъым къегъэлъагъо. ИцIыф лъэпкъ щыщ тхьэлIыкIом зэрэфигъэгъурэм имызакъоу, мэджусый диным ит цIыф мин пчъагъэ псэкIодшIэным зыIэкIиубытагъэхэу зыдэс къалэми фегъэгъу – ябзэджэшIагъэхэр къагурыIоу зэрэрагъэжьагъэм лъыпытэу.

Джа лъэныкъуитIур IупкIэ дэдэу зэпэгъэуцугъэ: Тхьэм игукIэгъурэ ишIулъэгъурэ зы лъэныкъомкIэ, адрэ лъэныкъомкIэ – Юныс ышъхьэ шIу зэрилъэгъужьырэмрэ ипыйхэм гухьэ-гужъ зэрафыриIэмрэ.

## Апэрэ шъхьэр

*Юныс Тхьэм зэремыдэIугъэр*

1 [1]Зиусхьаным игущыIэ Юныс, Амытай ыкъо, къы-
фехыгъ:

[2]– Ежьи, Нинэуй къэлэшхом кIо, гъэмысэхи, Тхьэм
игущыIэ ягъэIу, сыда пIомэ ахэмэ ябзэджэшIагъэхэр
къыслъыIэсыгъэх.

[3]Юныс зигъэхьазырыгъ Зиусхьаным пэчыжьэ зи-
шIынэу, Нинэуй мыкIоу, ащ илъэныкъо шъхьафыкIэ
щыIэ Тарщыщ ежьагъ. Яфо къалэм къэси, Тарщыщ
кIорэ къухьэ къыгъотыгъ, гъогупкIэр арити, Зиус-
хьаным пэчыжьэ зишIыным пае, Тарщыщ адэкIонэу
къухьэм итIысхьагъ.

[4]Ау Зиусхьаным хым жьыбгъэ лъэш къыщиIэтыгъ,
хым хыоешхо къыщыхъуи, къухьэр къызэхэкъутэу
фежьагъ.

[5]КъошъофылIхэр къэщынагъэх, шъхьаджи итхьэ
елъэIущтыгъэ, къухьэр нахь псынкIэ ашIыным пае
хым хьылъэхэр хадзэхэу аублагъ; ежь Юныс къухьэ
кIоцIым ехи, гъолъи, пытэу хэчъыегъагъ.

[6]Къухьэм ипащэ ащ ыдэжь къакIуи, къыриIуагъ:

– Сыда узфэчъыерэр? Къэтэдж, уи Тхьэ елъэIу; хэт
ышIэра, Тхьэр къытфэгумэкIынкIи мэхъу, тимыгъэ-
кIодынэу.

[7]ЕтIанэ къухьэм исхэм зэраIожьыгъ:

– НекIо, пхъэдз итэжъугъадз мы тхьамыкIагъор
зыпкъ къикIырэр зэдгъэшIэнэу. – Пхъэдзыр зыра-
дзэм, Юныс тефагъ.

[8]Джащыгъум ащ раIуагъ:

– КъытаІу, хэта мы тхьамыкІагъор къызыпкъыры-
кІырэр? Сыд Іофа узпылъыр, тыдэ укъикІыра? Тыдэ
щыІа уихэгъэгу, сыд цІыф лъэпкъа узщыщри?
9 Ащ къариІуагъ:
– Сэ сыджурт, хымрэ чІыгумрэ къэзгъэшІыгъэхэу,
ошъогумэ я Тхьэу Зиусхьаныр сэгъэлъапІэ.
10 ЦІыфхэр лъэшэу къащтэхи, ащ раІуагъ:
– Сыда о зэхэпшІыхьагъэр? – Ахэмэ ашІэщтыгъэ
Зиусхьаным зышІуигъэбылъынэу ар зэрэхэхьажьы-
гъэр, сыда пІомэ ежь ар къариІогъагъ.
11 Хыоешхор нахь лъэш хъущтыгъэти, ащ раІуагъ:
– Сыда къыотшІэн фаер хыр Іэсэжьыным пае?
12 Джащыгъум ащ ариІожьыгъ:
– Сэ сышъушти, псым сыхэшъудз, етІанэ хыоеш-
хор уцужьыщт, сыда пІомэ мы хыоешхом сэ сила-
жьэкІэ шъузэрэхэфагъэр сэ къызгурыІуагъ.
13 Аущтми лІыхэм, нэпкъым екІолІэнхэу, псынкІэу
къухьэр афэу фежьагъэх, ау ар къадэхъущтыгъэп, сы-
да пІомэ хыоешхор нахь лъэш хъущтыгъэ.
14 Арыти ахэр куохэзэ, Зиусхьаным елъэІугъэх:
– ТыолъэІу, Зиусхьан, мы лІым ыпсэ пае тэрэмы-
кІод, тимылажьэмкІэ тымыгъэмыс, сыда пІомэ О
пшІоигъор, Зиусхьан, пшІагъэ!
15 Юныс аубыти, ахэмэ хым хадзагъ; зэрэхадзэу хым
игубж Іэсэжьыгъэ.
16 А лІыхэм Зиусхьаным щынэгъошхо фыряІэ
хъугъэ. Зиусхьаным къурмэни тхьэрыІохэри фа-
шІыгъэх.

**ЯтIонэрэ шъхьэр**

*Юныс Тхьэм зэрелъэIугъэр*

2 [1]Зиусхьаным пцэжъыешхом унашъо фишIыгъ
Юныс ыдырынэу; Юныс а пцэжъыешхом ыкIоцI
чэщ-мэфищэ исыгъ. [2]Пцэжъыем ыкIоцI зэрисэу
Юныс Зиусхьанэу и Тхьэ мэкъэшхокIэ зыфигъэзагъ:

[3]– Гузэжъогъум сыхэтэу сэ Зиусхьаным инэу селъэIугъ: Ащ джэуап къыситыгъ. Хьадрыхэ икуупIэ сэ сыкъикуукIыгъ: О сымакъэ къызэхэпхыгъ.

[4]О хым анахь икуупIэм сыхэбдзагъ, псыорышхомэ сыкъауцухьагъ, О зэкIэ Уипсхэр, зэкIэ Уиорхэр сэ сашъхьагъ икIыщтыгъэх.

[5]Джащыгъум сэ сIуагъэ:

– О Уинэплъэгъу сэ сыкIэрычыгъ, ау О Уиунэшхо лъапIэ сэ джыри слъэгъужьыщт.

[6]Спшъэтыкъ къэсэу псыхэм сызэлъаубытыгъ, куупIэм сыхэтыгъ, хы уцыр сшъхьэ къещэкIыгъэ хъугъагъэ.

[7]Къушъхьэхэм алъачIэ нэсэу сэ сехыгъагъ – хэгъэгоу зикъэлапчъэхэр пчъэдадзэхэмкIэ егъэшIэрэу зэфашIыжьыгъэм; ау О, Зиусхьанэу си Тхь, спсэ хьадрыхэ къыпщыжьыщт.

[8]Спсэ фэмылъэкIыжь зэхъум, сэ Зиусхьаныр сыгу къэкIыжьыгъ, силъэIуи О Уадэжь, Уиунэшхо лъапIэ, къэсыгъ.

[9]ПкIэ зимыIэ тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэрэм шъыпкъагъэу О къыпфыряIэн фаер щагъэзыягъ.

[10]Ау сэ щытхъу макъэкIэ О къурмэн пфэсшIыщт; узэрэзгъэгугъагъэр згъэцэкIэжьыщт. Зиусхьаныр ары тыкъэзгъэнэжьыщтыр!

11 Арыти Зиусхьаным пцэжъыешхом унашъо фи-
шIи, ащ Юныс чIыгум къытыритIупщыхьажьыгъ.

**Ящэнэрэ шъхьэр**

*Юныс Зиусхьаным зэредэIугъэр*

3 1 Зиусхьаным игущыIэ ятIонэрэу Юныс къыфе-
хыгъ:

2 – Ежьи, Нинэуй къэлэшхом кIо, Сэ къэбарэу къы-
уасIорэр ащ щыIуат.

3 Юныс ежьи, Зиусхьаным къыриIуагъэм тетэу Ни-
нэуй кIуагъэ; а Нинэуир къэлэшхо дэдагъ, мэфищы-
кIэ зэпыпчынэу щытыгъ.

4 Юныс Нинэуй зэпичэу ыублагъ, зы мэфэ гъогу
зекIу нэужым цIыфхэм ариIуагъ:

– Мэфэ тIокIитIу зытешIэкIэ, Нинэуй зэхэкъу-
тэщт!

5 Нинэуйм дэсхэм Тхьэм игущыIэ ашIошъ хъугъэ:
нэкIыр аубытыгъ, ини цIыкIуи дзыуапхъэм хэшIы-
кIыгъэ шъыгъо щыгъынхэр зыщалъагъ.

6 А къэбарыр Нинэуй ипачъыхьэ къызылъэIэсым,
ар итахътэ къытекIи, ипачъыхьэ шъуашэ зыщихыгъ,
дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ шъыгъо щыгъынхэр зыщи-
лъэхи, яжьэм хэтIысхьагъ.

7 Ащ Нинэуй дэс цIыфхэм ариIуагъ:

– Мыр пачъыхьэми ицIыф лъэрыхьхэми яуна-
шъу: зы цIыфи, зы былыми – чэмхэми мэлхэми –
зыпари ашхы хъущтэп, хъупIэми орэмыкIох, пси ерэ-
мышъох.

8 Дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ щыгъынхэр цIыфхэм
зыщарэлъ, былымхэми атырарэхъу, лъэшэу Тхьэм

ерэлъэIух, шъхьаджи игъогу бзаджэ ерэбгыни, мыхъункIэ цIыфхэм адэзекIоныр херэнэжь.

9 Хэт ышIэра, Тхьэр кIэгъожьынышъ, игубжышхо тшъхьарищынкIи мэхъу, тэри тымыкIодэу тыкъэнэжьын.

10 Ахэмэ ягъогу бзаджэ зэрабгынагъэр Тхьэм зелъэгъум, тхьамыкIагъоу аришIэнэу зыфиIогъагъэм фыкIэгъожьи, аришIагъэп.

**ЯплIэнэрэ шъхьэр**

*Юныс игубжырэ Тхьэм игукIэгъурэ*

4 1 Юныс ар лъэшэу ыгу хэкIи, губжыгъэ.
2 Арыти Зиусхьаным елъэIуи, ащ къыIуагъ:

– Е, Зиусхьан! Сихэгъэгу сызесыми мыщ фэдэу зэрэхъущтыр сыгукIэ сшIэщтыгъэ. Джары сэ Тарщыщ сызфечъэжьэгъагъэри, сыда пIомэ сэ сшIэщтыгъэ: О, шIур афэзышIэу, гукIэгъу зыхэлъэу, шIэхэу мыгубжэу, мыкIодыжьын шIулъэгъушхо зиIэ Тхьэу ущыт, цIыфхэр бгъэпщынэным уфыкIэгъожьынымии уфэхьазыр.

3 Джы, Зиусхьан, спсэ хэх, сыда пIомэ сыщыIэным нахьи, сылIэныр нахь къэсэштэ.

4 Зиусхьаным къыIуагъ:

– Тэрэза узэрэгубжырэр?

5 Юныс къалэм дэкIи, тыгъэ къокIыпIэ лъэныкъомкIэ тIысыгъэ, чэл зыфишIыжьи, ащ ижьау чIэтIысхьагъ – къалэм къыщышIыщтыр ылъэгъунэу.

6 Джащыгъум Зиусхьанэу Тхьэм къэкIырэ лъэпкъ къыгъэкIыгъ. Юныс ышъхьэ жьаоу къытыридзэрэм ар ыгъэрэхьатынэу Тхьэр фэягъ. А къэкIыгъэм Юныс лъэшэу щыгушIукIыгъ.

7 ЯтIонэрэ мафэм, нэф къызэрэшъэу, хьамлыум
къэкIыгъэм хишхыкIынэу Тхьэм ыгъэпсыгъэти, ар
гъугъэ.
8 ЕтIанэ тыгъэр къызыкъокIым, Тхьэм тыгъэжь
стырыр къыригъапщи, Юныс ышъхьэ тыгъэм ристы-
кIэу ыублагъ, кIочIаджэ хъуи, хьадэгъум кIэлъэIузэ,
ащ къыIуагъ:

– СыщыIэным нахьи, сылIэныр нахь къэсэштэ.
9 Арыти Тхьэм Юныс къыриIуагъ:

– КъэкIыгъэм пае угубжыныр тэрэза?

Адрэм къыIуагъ:

– Боу тэрэз. СыщыIэным сыфэмыежьэу сыгубжыгъ.
10 Джащыгъум Зиусхьаным къыIуагъ:

– Къин зытемылъэгъуагъэу, къэмыгъэкIыгъэу, а
зы чэщым къэкIи, а зы чэщым кIодыжьыгъэм угу
фэгъу.
11 – Адэ сыдэущтэу сыгу фэмыгъуна Нинэуй къэ-
лэшхоу нэбгырэ минишъэрэ тIокIырэм къехъу, Iэ
джабгъумрэ Iэ сэмэгумрэ зэхагъэкIуакIэу* зыдэсым,
былымыби зыдэтым.

* 4:11 ШIумрэ емрэ зэхагъэкIуакIэу.

# Рут



# Рут ехьылIэгъэ тхылъым ипэублэ гущыI

Христос къэхъуным ыпэкIэ илъэс мин фэдиз хьазыркIэ узэкIэIэбэжьмэ, Израилым къыщыхъугъэхэр ары Рут ехьылIэгъэ тхылъым къыIуатэрэр. А лъэхъаным израиль лъэпкъым пщыхэр иIагъэхэп. Хэгъэгур хьыкумышIмэ агъэIорышIэщтыгъэ, хьыкумкIэ зэдэорэ цIыфхэм яIофхэр ахэр ары зэхэзыфыщтыгъэхэр. Ягъунэгъу цIыф лъэпкъхэр, анахьэу фылисхэр, къызатебанэхэкIэ, хьыкумышIхэр дзэмэ пащэ афэхъущтыгъэх. ХьыкумышIыр цIыфхэм хадзыщтыгъэп, Ежь Тхьэ шъыпкъэм ар ыгъэнафэщтыгъэ, ащ къыхэкIэуи гъэлъэпIэгъэ пащэ хъущтыгъэ.

Гукъао нахь мышIэми, израиль лъэпкъыр Тхьэм емыдэIоуи къыхэкIыщтыгъэти, Тхьэм ушэтынхэмрэ тхьамыкIагъохэмрэ, гущыIэм пае, заохэмрэ гъаблэрэ, ащ къыфигъакIощтыгъэх. Аущтэу Ащ зыкIишIыщтыгъэр цIыфхэр Тхьэм игъогу темыкIынхэм, ащ тет зэпытынхэм пай.

Рут ехьылIэгъэ тхылъыр къыбгурыIоным пае израиль цIыфмэ ялъэпкъ хабзэхэмрэ ухэбзыгъэ унашъоу ахэр зэрэпсэущтыгъэхэмрэ зыфэдэхэм уащыгъозэн

фае. Мы тхылъыр анахьэу къызтегущыIэрэр – ар «ЯтIонэрэ Хабзэм» (25:5-6) къыщыIотагъ – къэщэфыжьын хабзэр ары. Ащ зэритхагъэмкIэ, зишъхьагъусэ дунаим ехыжьыгъэу, сабыйхэр зимыIэу къэнэгъэ бзылъфыгъэр щымыIэжьым ыш е иIахьыл къыщэжьынышъ, шъао къыфэхъун фэягъэ. Шъэожъыеу къэхъугъэр щымыIэжьым ыкъоу алъытэщтыгъэ, мылъкури ащ къыфэнэжьыщтыгъэ. Ащ фэдэ IэпыIэгъу зиIахьылмэ язытыгъэм «хэщыжьакIу» раIощтыгъэ.

НэмыкI хабзэу мэфэкI илъэсым ехьылIагъэм – ар тхылъэу «Лэуй» (25:47) къыщыIотагъ – зэритхагъэмкIэ, зыгорэм тхьамыкIагъо къехъулIэу, къыIукIэжьыгъэ чIыгур ыщэн фаеу хъумэ, ар хэгъэкIи, ишъузи, исабыйхэри зэригъусэхэу ежьыми пщылIэу зимыщэмэ мыхъунэу чIыпIэ зифэкIэ, анахь Iахьыл благъэу иIэр унагъом «хэщыжьакIо» фэхъун фэягъ. Ахэр шъхьафитынхэм пае, тефэрэ ахъщэр афитынышъ, аIэкIэкIыгъэ чIыгури аригъэгъотыжьын фэягъ.

ХэщыжьакIо афэхъугъэ Iахьылыр къыфэгъэзэгъэ унагъом фэгумэкIын, ежь имылъку щыщкIэ ащ дэгуащэзэ ышIын фэягъэ.

«ЯтIонэрэ хабзэр» («Лэуй» 19:9-10) тхьамыкIэхэмрэ хэхэсхэмрэ къатегущыIэщтыгъ. Адрэ итхагъэхэм адакIоу ащ къызэрэщиIорэмкIэ, хыныгъо ужым хыпкъым къыранэгъэ коцышъхьэхэр тхьамыкIэмэ къаугъоижьынхэу фитныгъэ яIагъ. Джащ къыхэкIэу хынакIомэ коцышъхьэхэр тхьамыкIэхэм апае къыранэнхэ фэягъ.

Рут ехьылIэгъэ тхылъым къызэригъэнафэрэмкIэ, израиль лъэпкъыр ищыIэныгъэкIэ зэрыгъозэн фэе шапхъэхэр Тхьэм ыгъэнэфагъэхэу щытыгъ, Тхьэ зышIошъ хъоу, фэIорышIэхэрэм Ащ ынэшIу къащифэщтыгъ.

# РУТ

Рут къырыкIуагъэм икъэбар нэмыкI цIыф лъэпкъхэми ащыщхэм Тхьэм зыфагъэзэнэу, Ащ къахихыгъэ лъэпкъым гъусэ фэхъунхэ алъэкIынэу амал зэрэщыIэм ищысэ шIагъоу щыт. Щэч зыхэмылъхьашъун гупшысэ шъхьаIэу ащ пхырыкIырэр зэхьылIагъэр зыщыщ лъэпкъмэ ямылъытыгъэу ЕжьыркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэр Тхьэм зэриштэхэрэр ары. Рут лъэпкъ шъхьаф къыхэкIыгъэу щытыгъэ нахь мышIэми, ар ошIэ-дэмышIэ IофкIэ Тхьэм къахихыгъэ лъэпкъым щыщ хъугъэп. Ар БоIаз дакIуи, ащ къыфилъфыгъ Iобэдэ. Ищай ары Даут къызтекIыгъэр. Даут пщым илIэужэу, лIэшIэгъу заулэ тешIэжьыгъэу къэхъугъэ Иисус Христос зэрэдунаеу тет цIыфлъэпкъым КъэгъэнэжьакIо фэхъугъ.

## Апэрэ шъхьэр

*Елимэлэхрэ иунагъорэ тхьамыкIэгъошхоу къяхъулIагъэр*

1 [1]ХьыкумэшIхэм израиль цIыф лъэпкъыр зыщагъэ-
IорышIэщтыгъэ мафэхэм ахэм яхэгъэгу гъаблэ
къыщыхъугъагъ. Ащ къыхэкIэу Ехъуд хэкум ит Бэт-
лэхъэм къалэм щыщэу лIы горэ ишъузрэ ыкъуитIу-
рэ игъусэхэу Моаб хэгъэгум щыпсэуныгоу кIогъа-
гъэ. [2]А лIым ыцIагъэр Елимэлэх, ишъузы ыцIагъэр
НэIэмый, ыкъуитIу ацIагъэхэр Махълонрэ Къылион-
рэ; ахэр Ехъуд хэкум ит Бэтлэхъэм къалэм щыпсэурэ
ефрат лъэпкъым щыщыгъэх. Моаб хэгъэгум ахэр
кIохи, ащ къэнагъэх.

[3]Уахътэ тешIагъэу НэIэмый илIэу Елимэлэх лIагъэ,
шъузабэмрэ ыкъуитIурэ язакъоу къэнагъэх. [4]Ахэмэ
Моаб щыщ пшъашъэхэр къащагъэх – зым Iорпэ ыцIэу,
адрэм Рут ыцIэу. Ау илъэсипшI фэдизрэ ащ щыпсэу-
гъэхэу, [5]НэIэмый ыкъуитIуи, Махълонрэ Къылион-
рэ, лIагъэх. ЫкъуитIуи илIи имыIэжьхэу а бзылъфы-
гъэр къэнагъ.

*НэIэмыйрэ Рутрэ Бэтлэхъэм къызэрэкIожьыгъэхэр*

[6]Джащыгъум Моаб хэгъэгур ыбгынэнэу инысэхэр
игъусэхэу НэIэмый зиIэтыгъ, сыда пIомэ Зиусхьа-
ныр Ежь ицIыф лъэпкъ нэшIукIэ къеплъи, лэжьы-
гъэ къазэрэритыгъэр Моаб хэгъэгум ащ щызэхихыгъ.
[7]ЗыщыпсэущтыгЪэ чIыпIэм инысэхэр игъусэхэу ар

къикIыжьыгъ. Ехъуд хэкум къагъэзэжьыгъэу, гъогум
къырыкIохэзэ,
[8] НэIэмый иныситIу ариIуагъ: «Шъуе-
жьи, шъхьаджи янэ иунэ ерэгъэзэжь: дгъэтIылъы-
гъэхэмрэ сэррэ шIукIэ шъукъызэрэтфыщытыгъэм
фэдэу, Зиусхьаныр шIукIэ къышъуфыщэрэт!
[9] Шъхьа-
джи лIы дэкIожьыгъэу, ащ иунэ шъхьэегъэзыпIэ щи-
гъотынэу Зиусхьаным шъуешI!» Джар НэIэмый ыIуи,
ябэугъ. Ау куо макъэм зыкъырагъэIэти, ахэр зэгоу-
тэу гъыгъэх.
[10] ЕтIанэ къыраIуагъ: «Хьау, тыуигъу-
сэу узщыщ цIыф лъэпкъыр зыщыпсэурэм тыкъыбдэ-
кIощт».

[11] Ау НэIэмый къыIуагъ: «Шъуадэжь шъукIожь,
сипшъашъэхэр; сыд пае сэ шъукъыскIыгъуна? Сэ
джыри шъэожъыехэр къысхэкIынха, шъо лIы шъу-
фэхъун алъэкIынэу?
[12] Жъугъэзэжь, сипшъашъэхэр,
шъукIожь, сэ жъыщэ сыхъугъ лIы сиIэнкIэ. Ау „сэ
джыри гугъапIэ сиI“ сIуагъэми, ар хэгъэкIыри, мы
чэщ дэдэм лIым сыкIыгъоу, етIанэ шъаохэр къэс-
лъфыгъагъэхэми,
[13] иныы охъуфэхэ ахэмэ шъо шъуяжэ-
ныя? ШъудэмыкIоу шъущысын шъулъэкIына? Хьау,
сипшъашъэхэр, шъощ фэмыдаIоу, сэ сиIоф нахь
къин, сыда пIомэ Зиусхьаныр къыспэшIуекIо».

[14] Ахэмэ джыри кIый макъэр къаIэти, гъыхэу ауб-
лагъ. ЕтIанэ Iорпэ игуащэ ебэуи, къыбгынагъ. Рут
игуащэ къыгъэнагъэп, IаплIи рищэкIыгъ.
[15] Ау НэIэ-
мый Рут риIуагъ: «Мары, уинысэгъу зыщыщ цIыф
лъэпкъыми итхьэхэми афигъэзэжьыгъ; ори ащ ыуж
уитэу кIожь».

[16] Ау Рут къыIуагъ: «Семыгъэз усыбгынэнышъ,
сыпкIымыгъоу згъэзэжьынэу; о уздакIорэм сэри
сыкIощт, о узщыпсэурэм сэри сыщыпсэущт; о
уилъэпкъ сэ силъэпкъыщт, о уи Тхьи сэ си Тхьэщт.

[17]О узщылIэрэм сэри сыщылIэщт, ащ сыщычIалъхьа-
жьынэуи сыфай. СIуагъэр зысымыгъэцэкIэжьыкIэ,
сифэшъуашэр Тхьэм серэгъэгъот, хьадэгъу закъом
нэмыкIэу зыгорэм усигъэбгынэмэ». [18]Рут къыкIы-
гъунэу гухэлъ пытэ зэришIыгъэр зелъэгъум, НэIэмый
нахьыбэрэ ащ елъэIужьыгъэп.

[19]НэбгыритIури Бэтлэхъэм нэсыфэхэ кIуагъэх. Ахэр
Бэтлэхъэм дахьэхи, къызалъэгъухэм, зэрэкъалэу къэбы-
рысырыгъэу, бзылъфыгъэхэм аIощтыгъэ: «Мор НэIэ-
мыя?» [20]«НэIэмыйкIэ* шъукъысэмыджэжьэу, Марэ**
къысашъуIу, сыда пIомэ ЛъэкI Пстэури ЗиIэм сищы-
Iэныгъэ дыджы ышIыгъ», – ариIуагъ ахэм НэIэмый.
[21]«Сэ сIэхэр ушъагъэхэу мыщ сыдэкIыгъ, ау Зиусхьаным
IэнэкIэу къысигъэгъэзэжьыгъ; Зиусхьаныр къыспэшIуе-
кIоу, ЛъэкI Пстэури ЗиIэм насыпынчъагъэр къысфигъэ-
кIуагъэмэ, сыда НэIэмыйкIэ шъукъызфысэджэщтыр?»

[22]Джаущтэу НэIэмый моаб бзылъфыгъэу, инысэу
Рут игъусэу Моаб хэгъэгум къикIыжьыгъ. Хьэм ихын
зыщыфежьэхэрэм адэжь ахэр Бэтлэхъэм къэкIожьы-
гъагъэх.

**ЯтIонэрэ шъхьэр**

*Рут БоIаз игубгъо зэрэщылэжьагъэр*

**2** [1]НэIэмый илIыгъэ Iэлимэлэх ылъэныкъокIэ Бо-
Iаз ыцIэу, икъукIэ лIы баеу, лъэрыхьэу Iахьыл
иIагъ.

* 1:20 *НэIэмый* – ижъырэ джуртыбзэмкIэ къикIырэр: гуапэ.
** 1:20 *Марэ* – ижъырэ джуртыбзэмкIэ къикIырэр: дыджы.

2 Мэфэ заулэ тешIагъэу моаб бзылъфыгъэу Рут
НэIэмый риIуагъ: «Губгъом сыкIонышъ, зынэшIу
къысщыфэрэм ыуж ситэу хьэу ахыжьырэм шъхьэу
кIэзыгъэхэр къэсыугъоин сэIо». «Адэ кIоба, сип-
шъашъ», – къыриIожьыгъ ащ НэIэмый. 3 Арыти Рут
ежьи, кIуагъэ, хынакIомэ ауж итэу губгъом хьашъ-
хьэхэр къыщиугъоищтыгъэх. А губгъор Елимэлэх
унагъом щыщ БоIаз иеу къычIэкIыгъ.

4 Мары, Бэтлэхъэм къикIи, БоIаз хынакIомэ адэжь
къакIуи, шIуфэс къарихыгъ: «Тхьэр IэпыIэгъу къы-
шъуфэрэхъу!»

«Зиусхьаным ынэшIу къыпщеф!» – къыраIожьыгъ
ахэм.

5 БоIаз иунэIутэу, хынакIохэм ашъхьэщытым еуп-
чIыгъ: «Хэтхэм ащыща мо бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр?»
6 Хъулъфыгъэм джэуап къыритыжьыгъ: «Мо бзылъфы-
гъэ ныбжьыкIэр НэIэмый игъусэу Моаб хэкум къикIы-
гъэ моаб бзылъфыгъэр ары. 7 Ар къытэлъэIугъ: „Хы-
накIохэм ауж ситэу, бганэхэм азыфагу къыщысшыпы-
зэ къэсыугъоимэ хъуна?“ ыIуи. Джаущтэу къэкIуагъэу,
пчэдыжьым къыщыублагъэу джырэ нэс мыщ щыI;
пщыпIэм зыщигъэпсэфынэу джыры ныIэп зыкIуагъэр».

8 ЕтIанэ БоIаз риIуагъ Рут: «КъэдаIу, сипшъашъ,
мыщ уикIэу, нэмыкI губгъо ущышыпэнэу умыкIу,
сиунэIут бзылъфыгъэхэм ауж уитэу угъуае. 9 Хъу-
лъфыгъэмэ хьэр зыщахырэ губгъор уинэплъэгъу ерэт,
бзылъфыгъэхэм ауж уитэу къэкIухь. Мары, зи къыуа-
мыIонэу сиунэIутхэм ясIуагъ. Псы уешъо пшIоигъо
зыхъукIэ, сиунэIутхэм псыр зэрагъэхъогъэ къошын-
хэм якIуалIи, ешъу».

10 Арыти Рут чIыгум зыридзыхи, ынатIэ ащ ни-
гъэси, БоIаз еупчIыгъ: «Сэ сыхымэ пэтзэ, сыдэущтэу

о нэшIукIэ укъысэплъынэу хъугъа?» [11] БоIаз къыриIо-
жьыгъ: «Уишъхьэгъусэ зэлIэм ыуж, уигуащэ фэпшIа-
гъэр зэкIэ сэ къысфаIотагъ, уяти, уяни, укъызщыхъу-
гъэ хэгъэгури къэубгынэхи, джы нэс узыхэмыхьэгъэ
цIыф лъэпкъым удэпсэунэу зэрэхъугъэри. [12] А Iофэу
пшIагъэм пае шIу къыпферэшIэжь Зиусхьаным; Зи-
усхьанэу, Израиль и Тхьэу, о зытэмэ чIэгъ ухъумапIэ
щыбгъотынэу зыдэжь укъэкIуагъэм, IахьышIу икъоу
къыплъерэгъэIэс».

[13] Рут къыIуагъ: «Сизиусхьан, о тапэкIи укъысфэрэ-
дэгъу! О сыбгъэгупсэфыгъ, дахэуи укъыздэгущыIагъ,
уиунэIут бзылъфыгъэхэм ащыщ горэми сыримыуасэми».

[14] Щэджэгъуашхэм игъо къызэсым, БоIаз ащ риIуагъ:
«МокIэ къакIуи, хьалыгъу шхы, уихьалыгъу такъыр сэ-
нэпсым хэгъаозэ шIы». ХынакIохэм ар аготIысхьагъ.
БоIаз ащ лэжьыгъэцэ гъэжъагъэхэр ритыгъ; Рут шха-
гъэ, зигъэшхэкIыгъ ыкIи къелыжьыгъ. [15] ЕтIанэ Рут
шыпэнэу къызэтэджыжьым, БоIаз иунэIутхэм унашъо
афишIыгъ: «Бганэхэм азыфагуи къыщерэшып, ыгуи
хэшъумыгъэкI; [16] бганэхэм къакIэрышъудзызэ, къыфэ-
жъугъан, къерэшып ыкIи шъуемыцIацI».

[17] Джаущтэу пчыхьэ нэс Рут шыпагъэ, къышыпы-
гъэр зеутыжьым, бэ дэдэ хъугъэ. [18] Ар къышти, къа-
лэм кIожьыгъэ, игуащэ ащ къыугъоигъэр ылъэгъугъ.
Ежь зызегъэшхэкIым, къыгъэнэгъэгъэ лэжьыгъэцэ
гъэжъагъэхэр игуащэ ритыгъ. [19] Игуащэ Рут къеуп-
чIыгъ: «Тыда непэ узщыугъоягъэр, Iоф щыпшIэнэу
уздэкIуагъэр? НэшIукIэ къыоплъыгъэм Тхьэм ынэшIу
къыщерэф!»

Зыщылэжьагъэр Рут игуащэ риIуагъ: «Сэ непэ сы-
лажьэу, зыдэжь сыщыIагъэм ыцIэр БоIаз». [20] НэIэмый
инысэ риIуагъ: «Псэухэри лIагъэхэри зыщымыгъуп-

шэгъэ Зиусхьаным ынэшIу БоIаз къыщерэф!» НэIэмый къыпидзэжьыгъ: «А цIыфыр тэ тихэщыжьакIу; тихабзэкIэ ар къытфэгумэкIын фае».

[21] Рут къыIуагъ: «Аужыпкъэм ащ къысиIуагъ: „ЗэкIэ хыныр аухыфэ сиунэIутхэм ахэт“». [22] НэIэмый инысэ Рут риIуагъ: «Дэгъу, сипшъашъ, ащ иунэIут бзылъфыгъэхэм Iоф адапшIэмэ нахьышIу, нэмыкI губгъом угу къыщыхагъэкIынкIи мэхъу».

[23] Джаущтэу ар БоIаз иунэIут бзылъфыгъэхэм акIыгъоу, хьэм ихыни коцым ихыни аухыфэ шъхьэхэр къышыпыгъэх, игуащэ дэжьи исыгъ.

**Ящэнэрэ шъхьэр**

*Рут лIы фэхъущтыр къызэригъотыгъэр*

3 [1] Уахътэ горэ тешIагъэу игуащэу НэIэмый Рут къыриIуагъ: «Сипшъашъ, лIы удэзгъэкIонэу уфаеба, уинасып бгъотынэу? [2] ОшIэба БоIазэу, бзылъфыгъэ унэIутхэу Iоф зыдэпшIагъэхэр зиехэр зэрэтиблагъэр? КъэдаIу, нычэпэ ащ хьамэм хьэр щызэпидзыщт.
[3] ЗыгъэпскIи, мэ IэшIу зыпихырэ дагъэ зыщыф, щыгъын кIэракIэхэр зыщылъэхи, хьамэм кIо, ау шхэу, зыгорэ тырешъухьажьыфэ БоIаз зыкъемыгъэлъэгъу.
[4] ЕтIанэ чъыенэу зыгъолъыкIэ, зыдэщылъыр зэгъашIэ; джащыгъум укIонышъ, къызэрэпкъотыщтым ишыхьатэу ылъакъохэм атехъуагъэм ыцыпэ къэпIэтынышъ, угъолъыщт. ПшIэщтыр ежь къыуиIощт».

[5] «КъысэпIуагъэр зэкIэри згъэцэкIэщт», — къыриIожьыгъ Рут. [6] Рут хьамэм техьи, игуащэ унашъо къызэрэфишIыгъэу зэкIэри ышIыгъ.

7 БоIаз зигъэшхэкIыгъ, зигъэшъокIыгъ, ыгуи ыгъэ-
чэфыгъ, етIанэ кIуи, лэжьыгъэ самэу щылъым ылъап-
сэ дэжь чъыенэу гъолъыгъэ. ТIэкIу тешIагъэу Рут ма-
къэ ымыгъэIоу къакIуи, итехъон ылъакъохэм адэжь
къыIэти, гъолъыгъэ.

8 Чэщныкъомэ адэжь БоIаз ошIэ-дэмышIэу къэу-
щи, зыкъызызэрегъэзэкIым, ылъэгъурэр хьалэмэт:
ылъакъохэм адэжь бзылъфыгъэ щылъ. 9 «Ухэта о?» –
еупчIыгъ ащ БоIаз. «Рут, уипщылIыр ары, зиусхьан, –
къыIуагъ бзылъфыгъэм, – орышъ тэ тихэщыжьакIор,
уищыгъын уипщылI къытехъу ташъхьагъ узэриты-
щтым ишыхьатэу»*.

10 «Зиусхьаным ынэшIу о къыпщерэф, сипшъашъ», –
джэуап къыритыгъ БоIаз. «Мы аужырэ уиIофышIу
ыпэрэм нахьышIоу пшIагъэ, – байми, тхьамыкIэми,
кIэлэ ныбжьыкIэхэм ауж уимыхьэу, НэIэми иуна-
гъо узэрэфэшъыпкъагъэр. 11 Арышъ, сипшъашъ, умы-
щын! КъызфэпIуагъэр зэкIэри сэ къыпфэсшIэщт;
сыда пIомэ сикъалэ дэс пстэуми ашIэ о шIур зыгу
илъ бзылъфыгъэ къабзэу узэрэщытыр. 12 Сэ орыкIэ
хэщыжьакIоу сызэрэщытыр шъыпкъэ, ау сэщ нахь
къыппэблэгъэ хэщыжьакIуи щыI. 13 Мы чэщыр мыщ
щых; неущ а лIым уиштэщтми уимыштэщтми ре-
рэхъухь, уиштэмэ, дэгъу, уерэшт; ау ащ уиштэнэу
фэмые зыхъукIэ, сэ усштэщт; Зиусхьаным ыцIэкIэ
ТхьэрыIо сэшIы. Джы пчэдыжьыр къэсыфэ чъые».
14 Ащ ылъакъомэ акIэрылъэу Рут пчэдыжьыр къэ-
сыфэ чъыягъэ. БоIаз ыгукIэ зэриIожьыгъ: бзылъфы-
гъэр хьамэм къызэрэкIогъагъэр арэмышI; джащ пае
зэрэлъэгъухэмэ къэзэрэшIэжьынхэм нэсэу нэфынэ

* 3:9 *Ащ къикIырэр* – шъузыкIэ сызэрэпштэщтым ишыхьатэу.

къэмыхъузэ, Рут къэтэджыжьыгъ. [15] БоIаз Рут риIуагъ:
«Уишъхьатехъо къэубыти, къэIыгъ». БоIаз шэпхъих*
хьэм щыщэу къыфипщи, Рут къыIыгъ шъхьатехъом
къытыритэкъуагъ, етIанэ ар ытамэ къытырилъхьагъ.
Ащ ыуж БоIаз къалэм кIожьыгъэ.

[16] Рут игуащэ дэжь къэкIожьыгъ. Арыти адрэр къе-
упчIыгъ: «Сыдэу ухъугъ, сипшъашъ?» Рут къыIотагъ
а цIыфым зэкIэ къыфишIагъэр. [17] ЕтIани къыпи-
гъэхъожьыгъ: «Мы хьэ шэпхъихыр зэкIэ къысити:
„Уигуащэ дэжь IэнэкIэу умыкIожь“ къысиIуагъ».
[18] НэIэми къыIуагъ: «ЗыIаж, сипшъашъ, Iофым кIэух
фэхъущтыр зэогъэшIэфэ, сыда пIомэ непэ Iофыр
ымыухэу, а цIыфыр гупсэфыщтэп».

**ЯплIэнэрэ шъхьэр**

*БоIаз Рут къызэрищагъэр*

**4** [1] А охътэ дэдэм БоIаз къэлэдэсхэм язэIукIэпIэ
къэлапчъэ Iухьагъэу, тIысыгъэу щысызэ, хэщы-
жьакIоу зыфиIогъагъэр блэкIэу ылъэгъугъ. БоIаз ащ
риIуагъ: «Моу къыдахьи, мыкIэ къэтIыс, синыбджэ-
гъу». Адрэр къыдахьи, къэтIысыгъ.

[2] ЕтIанэ БоIаз къалэм инахьыжъ-упчIэжьэгъумэ нэб-
гырипшI къахищи, ариIуагъ: «МыкIэ шъукъэтIыс».
Адрэхэр къэтIысыгъэх. [3] БоIаз хэщыжьакIом риIуагъ:
«ТиIахьыл благъэу Елимэлэх игубгъо Моаб хэгъэгум
къикIыжьыгъэ НэIэмый ыщэ шIоигъу. [4] А къэбарыр
озгъэшIэнышъ, мы тилъэпкъ инахьыжъэу щысхэм

* 3:15 *Шэпхъих* – килограмм тIокIырэ тфырэм фэдиз.

апашъхьэ щыпщэфынэу къыуасIо сшIоигъуагъ. Пщэ-
фыжьы пшIоигъомэ, щэфыжь; ау пщэфыжьынэу
уфэмыемэ, къысаIу ар сшIэным пае; сыда пIомэ зы-
щэфыжьынэу фитыныгъэ апэу зиIэр оры, уаужыкIэ
сэры». Адрэм джэуап къыритыжьыгъ: «Сэ сэщэфы-
жьы». 5 Ау ащ БоIаз къыпигъэхъуагъ: «НэIэмый губ-
гъор къызыщыпщэфкIэ, лIагъэм имылъку унагъом
къыфэнэжьыным пае, Моаб къикIыгъэ Рути шъуз-
кIэ пштэн фае». 6 Арыти хэщыжьакIом къыIуагъ:
«Мылъкоу къыскIэныщтым семыгоожьыным пае, ар
сщэфын слъэкIыщтэп; о щэфы ар, сыда пIомэ сэ
слъэкIыщтэп».

7 Нахьыпэм Израиль хабзэ илъыгъ: зы Iоф горэ
къагъэшъыпкъэжьыным пае, зыгорэ къащэфыжьы е
къахъожьы зыхъукIэ, зым ицуакъэ зыщихти, адрэм
ритыщтыгъ, джар Iофыр зэраухыгъэмкIэ Израиль
шыхьат щыхъущтыгъ.

8 Аущтэу хэщыжьакIом «о щэфы» БоIаз къыриIуи,
ицуакъэ къызщихи, ащ къыритыгъ.

9 ЕтIанэ БоIаз нахьыжъхэми зэкIэ Iутыгъэ цIыфхэми
ариIуагъ: «Елимэлэхи, ащ ыкъохэу Къылиони, Махъ-
лони зэкIэ яехэр НэIэмый зэрэщысщэфыгъэхэм шъо
непэ шъуришыхьат. 10 Ащ нэмыкIэу Махълон ишъузы-
гъэ моаб бзылъфыгъэу Рут сэштэ шъузкIэ. Аущтэу зы-
хъукIэ, лIагъэм имылъку унагъом къыфэнэжьыщт, ащ
илIакъо игъашIэ зэпычыгъэ фэмыхъоу лъэпкъым
къыхэнэнэу. Шъо ащ непэ шъуришыхьат».

11 Къэлапчъэм зэкIэ Iут цIыфхэми нахьыжъхэми
къаIуагъ: «Ары, тэ тышыхьат. Уишъузэу уиунэ къи-
хьэрэр, израиль лъэпкъыр къызытекIыгъэ Рахъэлрэ
Леарэ афэдэу, сабыибэ къыпфэхъунэу Зиусхьаным
ерэшI. Ефрат лIакъом мылъку щыугъой, цIэрыIо

ущэрэхъу Бэтлэхъэм. [12]Тэмарэ Ехъуд къыфилъфыгъэ
Пэрэцэу укъызтекIыгъэм иунагъо фэдэу, уиунагъо
орэхъу – Зиусхьаным мы бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм
къыхэкIэу бынэу къыуитыщтхэм яхьатыркIэ».

*Рут шъао къызэрэфэхъугъэр*

[13]Джаущтэу Рут БоIаз шъузы фэхъугъ. БоIаз ащ го-
хьагъ, Зиусхьаным Рут ышъо сабый хэфэнэу ынэшIу
къыщифи, шъао къылъфыгъ. [14]Бзылъфыгъэхэм НэIэ-
мый раIуагъ: «Зиусхьаным щытхъур ий, хэщыжьакIо
пфэхъужьыщт пхъорэлъф къызэрэуитыгъэм пае. Ащ
ыцIэ Израиль щытхъухэ щэрэхъу! [15]Ащ кIуачIэ
уигъэгъотыжьыщт, уижъышъхьэми уиIыгъыжьыщт;
сыда пIомэ ар уинысэ къылъфыгъ – шIу узылъэгъоу,
къуиблымэ анахьи нахь уасэ зиIэ нысэм».

[16]НэIэмый а сабыир ыкуашъо тесыгъ, ренэу лъып-
лъагъ. [17]Гъунэгъу бзылъфыгъэхэм: «НэIэмый шъао
къыфэхъугъ», – аIуи, ащ цIэ фаусыгъ: Iобэд. Даут
ятэу Ищай ар нэужым ятэ хъугъэ.

*Израиль ипачъыхьэу Даут къызтекIыгъэхэр*

[18]Джы мары Пэрэц Даут ыпэкIэ къыхэкIыгъэхэр:
Пэрэц къыфэхъугъ Хъэцрон; [19]Хъэцрон къыфэхъугъ
Рам; Рам къыфэхъугъ Iаминадау; [20]Iаминадау къы-
фэхъугъ Нахъшон; Нахъшон къыфэхъугъ Салмэн;
[21]Салмэн къыфэхъугъ БоIаз; БоIаз къыфэхъугъ Iобэд;
[22]Iобэд къыфэхъугъ Ищай; Ищай къыфэхъугъ Даут.

# Эстэр



# Эстэр ехьылIэгъэ тхылъым ипэублэ гущыI

Мы тхылъым джурт цIыф лъэпкъым къырыкIуагъэм щыщ хъугъэ-шIагъэхэр къегъэлъагъох. Тиэрэ ыпэкIэ – 722–586-рэ илъэсхэм азыфагу Ассирием, Вавилон яцIыфхэр техэкIо гухэлъ яIэу джуртмэ яхэгъэгу заулэрэ тебэнагъэх. Ащ фэдэ хъункIэшI заомэ янахьыбэ зыхъугъэр Нэбухаднэцар ипачъыхьагъу илъэхъан ары. Джуртхэм атебанэхэ къэс цIыф куп горэ гъэры ашIыгъэу агъэзэжьыщтыгъэ.

Тиэрэ ыпэкIэ 515-рэ илъэсхэм адэжь джуртхэм ячIыгу къагъэзэжьынэу изын яIэ хъугъэ, ау ащыцыбэхэм, хымэ хэгъэгум есэжьыгъэхэу, ащ къинэнхэу рахъухьагъ.

Хъугъэ-шIагъэу мы тхылъым къыгъэлъагъохэрэр тиэрэ ыпэкIэ 450-рэ илъэсхэм адэжь хъущтыгъэх. Ахэр зыщыхъухэрэр Вавилон пачъыхьэгъоу къалэу Сузэ гупчэу зиIагъэр ары.

Тхьэм ыцIэ тхылъым зэ нэмыIэми къыхэмыфэми, къэбарым къыуегъашIэ тарихъ хъугъэ-шIагъэхэр Тхьэм гъогу тэрэз зэрэтырищэхэрэр. Ащ къеушыхьаты мы тхылъым гухэлъ шъхьаIэу иIэр Эстэррэ Мардохъайрэ

ящытхъу ыIотэныр е ахэр анахьэу къыхэгъэщыгъэнхэр арэу зэрэщымытыр. ЦIыф лъэпкъ псэум къырыкIощтыр аIэ илъыныр хэгъэкIи, ахэр ежьхэм къапыщылъ гъашIэми фитыжьыгъэхэп. Iофыр зытетыр нэмыкI шъыпкъ. Iофхэр зыщыкъиным ашъхьэ емыгупшысэжьхэу, ахэм Тхьэм Iэрылъхьэ шъыпкъэ зызэрэфашIырэм мэхьанэшхо зэриIэр нэрылъэгъу къытфэхъу. Ежь Тхьэм гухэлъэу иIэхэр къызэрэдэхъущтхэм яцыхьэ зэрэтелъыр джаущтэу къаушыхьаты.

Джары мы тхылъым къыIотэрэ хъугъэ-шIагъэхэу «Пурим» мэфэкIым лъапсэ фэхъугъэмэ нэбгырэ зырызмэ къащытхъун пшъэрылъ зызкIыфимыгъэуцужьырэр. МэфэкIыр зыкIызэхащэрэр Тхьэм ыIэхэмкIэ джурт цIыф лъэпкъыр къэгъэнэжьыгъэ зэрэхъугъэр агу къэкIыжьыным пай. Джуртхэм джы къызнэсыгъэм а мэфэкIыр илъэс къэс гъатхэм зэхащэ.

## Апэрэ шъхьэр

*Персие пачъыхьэмрэ ащ игуащэрэ*
*ешхэ-ешъохэр зэрашIыгъэр*

1 [1]Мары Ахъашурэщ* зыщыпсэущтыгъэ мафэхэм къэхъугъэр. Ахъашурэщ Индием щегъэжьагъэу Кущ** нэсэу хэкуишъэрэ тIокIырэ блырэмэ пачъыхьагъур ащиIыгъыгъ. [2]А мафэхэм пачъыхьэм итахътэ Персием ит пытапIэу Шушан*** щыIагъ. [3]Тетыгъор зиIыгъым иящэнэрэ илъэс зэкIэ пщыхэм, ихэкумэ тетыгъор ащызыIыгъхэм, Персием, Мадайм ядзэхэм япащэхэм, IэнатIэкIэ ахэIэтыкIыгъэхэм, къулыкъушIэхэм ащ ешхэ-ешъошхо афишIыгъ. [4]Ипачъыхьагъу мылъкушхоу илъымрэ ежь ипачъыхьэ щытхъушхорэ мэфишъэрэ тIокIиплIырэм къыкIоцI аригъэлъэгъугъ.

[5]А мафэхэр зытекIыхэм, зэкIэ ицIыфхэу Шушан пытапIэм дэсхэм, цIыф къызэрыкIохэми хэIэтыкIыгъэхэми апае, мэфибл ешхэ-ешъо ипачъыхьэ щагушхо чъыг хатэу дэлъым ащыфишIыгъ. [6]Щагур бзыуцыфым

---

* 1:1 *Ахъашурэщ* – Ксеркс зыфиIорэ цIэр персмэ джаущтэу къаIо, а пщым Перс империем тиэрэ ыпэкIэ 486-м щегъэжьагъэу 465-м нэс тетыгъор щиIыгъыгъ. ШIэныгъэлэжь зырызмэ зэралъытэрэмкIэ, Ахъашурэщ урымыбзэкIэ раIощтыгъэр Артаксеркс (404–358).

** 1:1 *Кущ* – ижъыкIэ джаущтэу еджэщтыгъэх непэрэ Судан ызыныкъом нахьыбэрэ Ефиопием щыщ чIыгухэмрэ зыхэхьэщтыгъэ хэкум.

*** 1:2 *Шушан* – Бабилэн километрэ 320-кIэ пэчыжь.

хэшIыкIыгъэ пэIухъо шхъуантIэхэмрэ фыжьыхэмрэ-
кIэ гъэкIэрэкIагъэу щытыгъ. А пэIухъохэр кIэпсэ-
жъые плъыжь-чIапцIэхэмкIэ ыкIи фыжьхэмкIэ мы-
жъоф пкъэухэм апылъ тыжьын хъурджанэхэм апы-
лъэгъагъэх. Дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэ
тегъолъхьапIэхэр* щагум щагъэуцугъэх. А щагум мы-
жъо шIуцIэхэр, плъыжьхэр, фыжьхэр, налмэс-налкъу-
тэр зыхэгъэпкIэгъэхэ джэхашъо иIагъ. 7 Дышъэ Iэ-
губжъэ зэфэшъхьафхэм пачъыхьэм иунашъокIэ санэр
шъхьамысхэу къафырагъахъощтыгъ. 8 Хэтрэ хьакIи зэ-
рэфаеу ешъон фитыгъ; зыми ригъэзыщтыгъэхэп, сыда
пIомэ пачъыхьэм ихэгъырэймэ унашъо афишIыгъагъ
шъхьадж зэрэфаем тетэу дэзекIонхэу. 9 А мэфэ дэдэ-
хэм пачъыхьэ гуащэу Уаштый пачъыхьэу Ахъашурэщ
иунэ бзылъфыгъэхэм апае ешхэ-ешъошхо щишIыгъ.

*Пачъыхьэ гуащэу Уашти пачъыхьэу*
*Ахъашурэщ зэремыдэIугъэр*

10 Яблэнэрэ мафэм, пачъыхьэм ыгу санэм къызе-
гъэчэфым, ащ ариIуагъ Мехьумэн, Бизтэ, Хъарбон,
Быхътэ, Абахътэ, Зэтар, Къэркас – евнух** нэбгы-
риблэу пачъыхьэу Ахъашурэщ ежь ышъхьэкIэ фэла-
жьэщтыгъэхэм – 11 пачъыхьэ гуащэу Уаштый пачъыхьэ
паIори щыгъэу ыпашъхьэ къыращэнэу. Ар дэхэ дэдэу
щытыгъэти, ащ идэхагъэ цIыфхэми IэнатIэкIэ хэIэ-
тыкIыгъэхэми аригъэлъэгъу шIоигъуагъ. 12 Пачъыхьэм
иевнуххэм афишIыгъэ унашъом пачъыхьэ гуащэу

* 1:6 Джырэ диванмэ афэдэхэу, шхэхэ зыхъукIэ, затырагъакIэ-
щтыгъэ.

** 1:10 АсэкIыгъэ хъулъфыгъэхэу, пачъыхьэм ишъузхэм алъы-
плъэщтыгъэхэр ары.

Уаштый едэIунэу фэягъэп. Арыти пачъыхьэр лъэшэу
губжыгъэ, машIом фэдэу къызэкIэнагъ. 13 ЕтIанэ па-
чъыхьэм иупчIэжьэгъухэм зафигъэзагъ – хабзэхэмрэ
фитыныгъэхэмрэ зышIэхэрэм яупчIыжьэу ихэбзагъэти.
14 А лъэхъаным ащ нахь къыпэблагъэу щытыгъэхэр:
Къарщэн, Щэтар, Адматэ, Тарщыщ, Мэрэс, Марсэн,
Мэмухъан – Персиемрэ Мадаимрэ япщыхэу пачъы-
хьэм ыпашъхьэ занкIэу ихьанхэ алъэкIынэу ыкIи
пачъыхьагъум апэрэхэу исыгъэхэр арых. 15 «Хабзэм
тетэу сыдэущтэу удэзекIон фая пачъыхьэ гуащэу
Уаштый, пачъыхьэм иевнуххэм ащ фаригъэшIыгъэ
унашъор зэримыгъэцэкIагъэм пае?» – ар яупчIыгъ.

16 Пачъыхьэмрэ пщыхэмрэ апашъхьэ Мэмухъан
къыщиIуагъ: «Пачъыхьэ гуащэу Уаштый пачъыхьэ за-
къор арэп зыпашъхьэ щымысэр, IэнатIэкIэ хэIэтыкIы-
гъэхэми пачъыхьэу Ахъашурэщ ихэку пстэуми ащы-
псэурэ цIыфхэми апашъхьэ щымыс нахь; 17 сыда пIомэ
пачъыхьэ гуащэм ышIагъэм икъэбар лIы зиIэ бзылъ-
фыгъэ пстэуми алъыIэсыщт. Хъулъфыгъэмэ аIощт:
„Пачъыхьэу Ахъашурэщ игуащэ къыфащэнэу унашъо
ышIыгъ, ау ар къафэкIуагъэп“. Ар яушъхьагъоу бзылъ-
фыгъэмэ ялIыхэр пхъэтэпэмыхь ашIын алъэкIыщт.
18 Непэ шъыпкъэми Персиеми Мадаими япщы гуащэ-
хэм, пачъыхьэ гуащэм изекIуакIэ зызэхахкIэ, джа дэ-
дэр пачъыхьэм ипщы пстэуми араIоу хъущт; зэщыхьа-
ни, гухэкIи къыхэкIыщт. 19 Пачъыхьэм игъоу елъытэ-
мэ, пачъыхьэ унашъо ащ къыдерэгъэкI, ар Мадаими
Персиеми яхабзэмэ ахэтхагъэ орэхъу зэбламыхъужьы-
нэу – Уаштый пачъыхьэм ащ нахьыбэрэ ыпашъхьэ
къихьан фимытэу, пачъыхьэ гуащэм фашIырэ фит-
ныгъэхэр ащ нахь бзылъфыгъэ дэгъу горэм пачъыхьэм
ферэгъаз. 20 Пачъыхьэм иунашъо ащ ипачъыхьагъу

ины тыдэкIи зыщызэхахыкIэ, зэкIэ бзылъфыгъэхэр
ялIыхэм ядэIущтых, анахь хэIэтыкIыгъэм щегъэжьа-
гъэу анахь къызэрыкIом нэсыжьэу». [21]А гущыIэр па-
чъыхьэми пщыхэми агу рихьыгъ; арыти пачъыхьэр
Мэмухъан игущыIэ тетэу зекIуагъэ. [22]Хэку пэпчъ тха-
кIэу илъымкIэ ыкIи лъэпкъэу ис пэпчъ ыбзэкIэ тхы-
гъэу – лIы пэпчъ иунэ щызиусхьанынэу раIозэ, па-
чъыхьэм ихэку пстэуми тхылъхэр арагъэхьыгъэх.

**ЯтIонэрэ шъхьэр**

*Пачъыхьэр шъузыкIэ лъэхъу*

2 [1]Уахътэ тешIагъэу пачъыхьэу Ахъашурэщ игубж
зэIэсэжьым, ар Уаштии, ащ ышIагъэми, ащ фэ-
гъэхьыгъэу ежь унашъоу ышIыгъэми ягупшысагъ.
[2]Джащыгъум пачъыхьэм ежь ышъхьэкIэ фэлэжьэрэ
упчIэжьэгъумэ аIуагъ: «Пачъыхьэм пае пшъэшъэ
ныбжьыкIэ дахэмэ алъэрэхъух. [3]Пачъыхьэм ипачъы-
хьагъу ит хэку пстэуми лIыкIохэр ащерэгъэнафэх:
пшъэшъэ ныбжьыкIэхэр зэкIэ, ятеплъэкIэ дахэхэу,
пачъыхьэ пытапIэу Шушан къалэм дэтым хэт бзылъ-
фыгъэ унэм къыщаугъоинхэу. Бзылъфыгъэмэ алъы-
плъэрэ евнухэу Хэгъае ахэмэ ынаIэ атерэт, загъэдэхэ-
ным пае мэIэшIу зыпихырэ щыфэнхэри арерэтых.
[4]Пшъашъэу пачъыхьэм ыгу рихьырэр Уашти ычIы-
пIэкIэ пачъыхьэ гуащэ орэхъу». А гущыIэхэр пачъы-
хьэм игъоу ылъэгъугъ, джаущтэуи ащ ышIыгъ.

[5]Джурт горэ щыIагъ Мардохъай ыцIэу, ар пытапIэу
Шушан дэтым дэсыгъ, бинямин лъэпкъым щыщыгъ.
Ащ ятэ Яир, ятэжъ ЩымIый, ятэжъ ятэ Къыщ ацIагъ.

6 Бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэцар джурт пачъыхьэу
Ехъоный гъэрмэ акIыгъоу Ерусэлэм къызырещым,
Мардохъай къызтекIыгъэхэр а гъэрхэм ахэтыгъэх.
7 Мардохъай ятэшым ыпхъоу Эстэр – джуртыбзэкIэ
Хьадас – ыпIужьыгъагъ, сыда пIомэ ащ яни яти
иIэжьыгъэп. А пшъашъэр ыпкъыкIэ дахэу, ынэгукIэ
гохьыгъ. Янэрэ ятэрэ щымыIэжьхэ зэхъум, Мардохъай ар ыпхъу фэдэу ядэжь къыщэжьыгъагъ.

8 Пачъыхьэм унашъоу къыдигъэкIыгъэр агъэIуи,
пшъэшъабэ Хэгъай алъыплъэнэу пачъыхьэ пытапIэу Шушан дэтым щаугъоигъ. Джащыгъум Эстэри,
бзылъфыгъэ унэм лъыплъэрэ Хэгъай ынаIэ тетынэу,
пачъыхьэ унэм ащэгъагъ. 9 А пшъашъэр ащ ыгу рихьыгъ, нэшIукIи еплъыгъ, псынкIэу мэIэшIу зыпихырэ щыфэнхэри шхын шъхьафэу фыхахыгъэхэри ратыгъэх. ЕтIанэ Хэгъай пачъыхьэм иунэшхо щылажьэрэмэ
пшъэшъибл къахихи, Эстэр иIофтэбгэнхэу фигъэнафэхи, Эстэри ащ фигъэзэгъэ пшъашъэхэри бзылъфыгъэ унэм ианахь псэупIэ дэгъум аригъэщагъэх. 10 Эстэр
цIыф лъэпкъэу зыщыщыри, къызхэкIыгъэ лIакъори
ариIуагъэп, сыда пIомэ Мардохъай унашъо къыфишIыгъагъ аримыIонэу. 11 Мафэ къэс Мардохъай бзылъфыгъэ унэм ищагу дэжь къыщикIухьэщтыгъэ Эстэр
ипсауныгъи иIоф зытетри зэригъэшIэнэу.

12 Пшъашъэхэм, бзылъфыгъэмэ афагъэуцугъэ хабзэм тетэу, мэзэ пшIыкIутIум къыкIоцI загъэдэхэн
фэягъ: апэрэ мэзихым миррэ зыфаIорэ мэIэшIу зыпихырэ дагъэр, адрэ мэзихым мэIэшIу зыпихырэ
нэмыкI уцхэр ащафэн фэягъ. 13 Бзылъфыгъэ унэм
икIыгъэу пшъашъэр пачъыхьэм дэжь чIахьэ зыхъукIэ,
ищыкIэгъэнэу сыд къыкIэлъэIугъэми, ратыщтыгъ.
14 Унэм пчыхьэм ар ихьэти, пчэдыжьым ятIонэрэ

бзылъфыгъэ унэу, пачъыхьэм иевнухэу ЩаIашгъэз
ыIэ илъым кIожьыщтыгъэ. Ащ нахьэу пачъыхьэм
дэжь чIэхьажьыщтыгъэп, пачъыхьэр къыфаеу, ыцIэ
къыраIоу къемыджэхэмэ.

*Эстэр пачъыхьэ гуащэ зэрэхъугъэр*

15 Аущтэу Эстэр – ыпхъу фэдэу зыштэгъэ Мардо-
хъай ятэшэу Абихъаил ыпхъу – пачъыхьэм ыдэжь
кIонэу ичэзыу къэсыгъ. Пачъыхьэм иевнухэу бзылъ-
фыгъэмэ алъыплъэрэ Хэгъай зыфиIуагъэм нэмыкI ар
кIэлъэIугъэп. Эстэр зэкIэ зылъэгъугъэмэ агу зыры-
ригъэхьыгъ. 16 Пачъыхьэу Ахъашурэщ итетыгъом ияб-
лэнэрэ илъэс ияпшIэнэрэ маз ары – Тэбэт мазэр –
ащ иунэшхо Эстэр зыращагъэр. 17 Пачъыхьэм зэкIэ
ишъузмэ анахьэу Эстэр шIу ылъэгъугъ, зэкIэ пшъа-
шъэмэ анахьэу ыгукIэ фэшIоу, нэшIукIэ еплъэуи
хъугъэ. Пачъыхьэ паIор ащ Эстэр шъхьащилъхьи,
Уашти ычIыпIэкIэ пачъыхьэ гуащэ ышIыгъ. 18 Па-
чъыхьэм зэкIэ IэнатIэкIэ ахэIэтыкIыгъэхэм, къулы-
къушIэхэм ешхэ-ешъошхо афишIыгъ. Зэрэпачъыхьэ-
гъоу цIыфхэм щагъэмэфэкIынэу игъоу афилъэгъугъ,
пачъыхьэм епэсыгъэ шIухьафтынхэри афишIыгъэх.

*Мардохъай пачъыхьэм ыпсэ*
*къызэригъэнэжьыгъэр*

19 ЯтIонэрэуи пшъашъэхэр заугъойхэм, Мардохъай
Iоф гъэнэфагъэ фэгъэзагъэу пачъыхьэ къэлапчъэм
дэжь щысыгъ. 20 Эстэр, Мардохъай унашъоу фишIы-
гъагъэм тетэу, лIакъоу къызхэкIыгъэри, цIыф лъэп-
къэу зыщыщри ариIогъагъэп. Мардохъай ыIуагъэр
Эстэр джыри ыгъэцакIэщтыгъ, ипIурэу ащ иунэ зесым
зэришIыщтыгъэм фэдэкъабзэу. 21 Мардохъай пачъыхьэ

къэлапчъэм зыщыIусыщтыгъэ мафэхэм пачъыхьэм
иевнуххэу Быхътанрэ Тэрэщрэ гухьэ-гужъ фыряIэу
Ахъашурэщ аукIынэу рахъухьэщтыгъэ. 22 Ар зешIэм,
Мардохъай пачъыхьэ гуащэу Эстэр риIуагъ, ежь Эс-
тэр Мардохъай ыцIэкIэ пачъыхьэм къэбарыр риIо-
жьыгъ. 23 Iофыр зэхафи, шъыпкъэу къызычIэкIым,
нэбгыритIур пылъапIэм палъагъ. А лъэхъаным ихъу-
гъэ-шIагъэхэр зыдатхэрэ тхылъым пачъыхьэм иуна-
шъокIэ Мардохъай ишIушIэ Iоф датхагъ.

**Ящэнэрэ шъхьэр**

*Джуртхэр ыгъэкIодынхэу Хамэн*
*зэрэрихъухьагъэр*

3 1 А хъугъэ-шIагъэхэм ауж агъагъ лъэпкъым щы-
щэу Хъэмэдат ыкъоу Хамэн пачъыхьэу Ахъашу-
рэщ ыгъэини, ыIэтыгъ, ар зэкIэ пщэу иIэмэ анахь
лъагэуи ыгъэуцугъ. 2 Пачъыхьэ къэлапчъэм дэжь па-
чъыхьэм къулыкъу щыфэзышIэхэрэр зэкIэ Хамэн
лъытэныгъэ фашIэу, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ
щытIысыщтыгъэх, сыда пIомэ пачъыхьэм ащ фэдэ
унашъо ышIыгъагъ. Ау Мардохъай ащ лъытэныгъи
фишIыщтыгъэп, зыфиуфэщтыгъэп ыкIи.

3 Пачъыхьэ къэлапчъэм дэжь пачъыхьэм къулыкъу
щыфэзышIэрэмэ Мардохъай раIощтыгъэ: «Пачъы-
хьэм иунашъо сыда зыфэмыгъэцакIэрэр?» 4 Джау-
щтэу мафэ къэс раIощтыгъэми, ежь ядэIурэпти, Ха-
мэн къэбарыр нагъэсыгъ – Мардохъай изекIуакIэ
фигъэгъущтмэ зэригъэшIэнэу, сыда пIомэ зэрэджур-
тыр ахэмэ ариIогъагъ. 5 ШъыпкъэмкIи, Мардохъай

ежь лъытэныгъэ къыфимышIэу, ыпашъхьэ лъэгонджэ-
мышъхьэкIэ зэрэщымытIысырэм гу зылъетэм, Хамэн
губжым зэлъиштагъ. [6]Ау Мардохъай зыщыщ цIыф
лъэпкъыр къызыраIом, ар изакъоу ыукIыныр Хамэн
шIомакIэ хъугъэ, Мардохъай илъэпкъэгъухэу, зэкIэ
Ахъашурэщ ипачъыхьагъу тыдэкIи щыпсэущтыгъэ
джуртхэр ыгъэкIодынхэу рихъухьагъ.

[7]Апэрэ мазэм, Нысан зыцIэ мазэм, пачъыхьэу
Ахъашурэщ итетыгъом ияпшIыкIутIонэрэ илъэс, Ха-
мэн ыпашъхьэ пур – къикIырэр пхъэдз – радзагъ:
мазэри мафэри агъэунэфыным пае. Пхъэдзыр зыте-
фагъэр япшIыкIутIонэрэ мазэу Адар зыфаIорэр ары.
[8]Арыти Хамэн пачъыхьэу Ахъашурэщ риIуагъ: «Па-
чъыхьэгъум ихэку пстэуми ащыпсэурэ цIыф лъэп-
къмэ зы лъэпкъ гъэнэфагъэ горэ ахэт; ахэм яхабзэхэм-
кIэ нэмыкI лъэпкъмэ захаушъхьафыкIы; пачъыхьэм
хабзэу къыдигъэкIыгъэхэр агъэцакIэхэрэп. Арышъ
ахэр пачъыхьагъум аущтэу щыпсэунхэр пачъыхьэм-
кIэ зэрар хъущт. [9]Пачъыхьэм игъоу елъытэмэ, ахэр
аукIынхэу унашъо къыдерэгъэкI. Тыжьын ахъщэ ми-
нипшI* пачъыхьэм иIофхэр зыIэ илъхэм афэсщэчы-
нышъ, ар пачъыхьэм имылъку гъэтIылъыпIэ ралъ-
хьанэу ястыщт». [10]Джащыгъум пачъыхьэм имыхъур
Iэлъын ыIэхъуамбэ къыпихи, джуртмэ япыеу агъагъ
лъэпкъым щыщэу, Хъэмэдат ыкъо Хамэн ритыгъ**.
[11]Пачъыхьэм Хамэн риIуагъ: «А тыжьыныр о къызфэ-
гъани, цIыф лъэпкъым узыфаер ешI».

[12]Апэрэ мазэм ияпшIыкIущэнэрэ мафэ пачъыхьэм ит-
хакIохэм къяджагъэх. Ахэмэ Хамэн унашъо зэришIыгъэм

* 3:9 Килограмм мин 340.

** 3:10 Хэгъэгум анахь IэнэтIэ инэу илъыр ритыгъ.

тетэу сатрапхэм*, хэку пэпчъ Iэшъхьэтетэу иIэм,
лъэпкъ пэпчъ пщэу иIэм, хэку пэпчъ тхакIэу илъым-
кIэ, лъэпкъ пэпчъ бзэу зэрыгущыIэрэмкIэ афатхыгъ.
Пачъыхьэу Ахъашурэщ ыцIэкIэ зэкIэ тхыгъэу, па-
чъыхьэ мыхъур Iэлъынымкlэ къэгъэшъыпкъэжьы-
гъэуи щытыгъ. [13] Пачъыхьэм ихэку пстэуми унашъор
мэкъэгъэIухэм анагъэсыгъ. ЯпшIыкIутIонэрэ мазэм
изы мэфэ закъо къыкIоцI – Адар мазэм ияпшIыкIу-
щэнэрэ мафэ – зэкIэ джуртхэр, цIыкIуи, ини, сабы-
ий, бзылъфыгъи ахэтхэу аукIынхэу, агъэкIодынхэу,
лъэпсэкIод ашIынхэу, ямылъкуи зэрапхъонэу а уна-
шъом итыгъ. [14] Унашъом тетхыкIыгъэхэр хэбзэ кIуа-
чIэ яIэу къыдагъэкIын фэягъ. А унашъор хэку пэпчъ
щагъэIун, лъэпкъ пстэуми янэрылъэгъоу нэIуасэ
фашIынхэ фэягъ зэкIэри а мафэм фэхьазырынхэм
пае. [15] МэкъэгъэIухэр пачъыхьэм зэриIуагъэу псын-
кIэу гъогум техьэхи, пачъыхьэ пытапIэр зыдэт къалэу
Шушан а унашъор щагъэIугъ. Пачъыхьэри Хамэни
ешъохэу щысыгъэх, ау Шушан къалэр гумэкIышхом
зэлъиштэгъагъ.

**ЯплIэнэрэ шъхьэр**

*Мардохъай джуртмэ IэпыIэгъу афэхъунэу*
*Эстэр зэрелъэIугъэр*

4 [1] Мардохъай, хъугъэр зэкIэ зешIэм, ищыгъынхэр
зэIитхъыгъэх. Дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ щыгъын-
хэр зыщилъэхи, яжьэр ышъхьэ къыритэкъохыгъ, къэлэ

* 3:12 *Сатрапыр* – хэку заулэ зыгъэIорышIэрэр.

гупчэм ихьи, гугъэузэу мэкъэшхокIэ тхьаусыхэу фе-
жьагъ. 2 Джаущтэу пачъыхьэ къэлапчъэм нэсыгъ,
ау дэхьагъэп, сыда пIомэ дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ
щыгъынхэр пщыгъхэу пачъыхьэ къэлапчъэм удэ-
хьан уфитыгъэп. 3 Джащ фэдэу пачъыхьэм иуна-
шъо зыщагъэIугъэ хэку пстэуми нэшхъэигъэшхом
джуртхэр ащызэлъиштэщтыгъэх, ащанэкIыщтыгъ,
ащытхьаусхэщтыгъэх. Ащыщыбэхэр дзыуапхъэм хэ-
шIыкIыгъэ щыгъынхэр ащыгъэу яжьэм хэгъуалъ-
хьэщтыгъэх.

4 Эстэр иунэIут бзылъфыгъэхэмрэ иевнуххэмрэ
ыдэжь къакIохи, Мардохъай ышIагъэр къыфаIота-
гъэти, пачъыхьэ гуащэр лъэшэу къэгумэкIыгъ. Мар-
дохъай дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ щыгъынхэр зыщи-
хынхэшъ, нэмыкI щыгъынхэр зыщилъэнхэу фаригъэ-
хьыгъэх, ау адрэм аIихыгъэхэп. 5 ЕтIанэ пачъыхьэм
иевнухэу Хъэтах, Эстэр унэIутэу фагъэнэфагъэр,
Эстэр къаригъащи, Мардохъай дэжь ыгъэкIуагъ
къэхъугъэр, ащ фэдэу зыкIэзекIорэри къызэригъэ-
шIэнэу.

6 Хьатах Мардохъай дэжь, къэлэ утыгоу пачъыхьэ
къэлапчъэмэ адэжь щыIэм кIуагъэ. 7 Мардохъай зэ-
кIэ ащ къыриIотагъ: ежь къехъулIагъэхэри, джурт-
хэр зэраукIыщтхэм пае тыжьын пчъэгъэ гъэнэфагъэ
пачъыхьэм имылъку гъэтIылъыгъэ хилъхьанэу Ха-
мэн зэригъэгугъагъэхэри. 8 Джуртхэр агъэкIодынхэм
пае къалэу Шушан къыщыдагъэкIыгъэ унашъом
тетхыкIыгъэр Мардохъай Хъэтах ритыгъ, Эстэр ри-
гъэлъэгъунышъ, зэкIэ Iофмэ язытет щигъэгъозэ-
нэу. ЕтIани фигъэпытагъ пачъыхьэм дэжь кIонышъ,
ежь илъэпкъэгъухэм гукIэгъу къафишIыным пае
елъэIунэу.

9 Хъатах кIуи, Мардохъай игущыIэхэр Эстэр ри-
Iотэжьыгъэх. 10 Эстэр Хъэтах дэгущыIи, ыIофтагъ
Мардохъай риIожьынэу: 11 «ЗэкIэ пачъыхьэм икъу-
лыкъушIэхэми, пачъыхьэм ихэку щыпсэурэ цIыф
лъэпкъхэми ашIэ: хэтми, орэхъулъфыгъ, орэбзылъ-
фыгъ, къемыджагъэхэу пачъыхьэм ищагу кIоцI да-
хьэрэм – хабзэм фигъэнэфагъэр зы: ар аукIын фае.
Пачъыхьэм идышъэ бэщ зыфищэйрэр ары ныIэп
псаоу къэнэжьыщтыр. Сэры пIомэ, мары мэфэ
щэкI хъугъэ пачъыхьэм дэжь сыкIонэу къызысэмы-
джагъэр».

12-13 Эстэр игущыIэхэр Мардохъай зыраIотэжьыхэм,
ащ джэуап аритыжьыгъ: «Пачъыхьэм иунэшхо узэрэ-
чIэсым пае джурт пстэуми ащыщэу о зым псаоу
укъэнэжьынэу умыгугъ. 14 Мыщ фэдэ уахътэм о зи
умыIомэ, ащыгъум шъхьафитныгъэмрэ кIодыпIэм
икIыжьыгъэным иамалрэ нэмыкI чIыпIэкIэ джурт-
хэм къафэкIощт, ау ори уятэ иунагъуи шъукIодыщт.
ЕтIани, хэт ышIэра, мыщ фэдэ уахътэм паенкIи мэ-
хъуба пачъыхьэ гуащэу узкIэхъугъэр?»

15 Мардохъай раIожьынэу Эстэр къыIуагъ: 16 «Ежьи,
Шушан джуртэу дэсыр зэкIэ къэугъой, сэщ пае нэ-
кIыр шъуIыгъ, мэфищым къыкIоцI шъумышх ыкIи
шъуемышъу, чэщыми мафэми. Сэри сиунэIут бзылъ-
фыгъэхэр сигъусэхэу джащ фэдэу нэкIыр сIы-
гъыщт. Ащ ыуж, агъэуцугъэ хабзэм ымыдэми, па-
чъыхьэм дэжь сыкIощт, сыкIодынэу щытмэ – сэрэ-
кIод».

17 Мардохъай ежьи, Эстэр унашъоу къышIыгъэм те-
тэу ышIыгъ.

## Ятфэнэрэ шъхьэр

*Эстэр апэрэ ешхэ-ешъошхоу ышIыгъэр*

5 1 Ящэнэрэ мафэм Эстэр пачъыхьэ гуащэм ишъуа-
шэхэр зыщилъагъэх. ЕтIанэ пачъыхьэ унэшхом
ищагу кIоцI дэуцуагъ, пачъыхьэ тахътэр зыдэщыIэ
унэшхом пэчIынатIэу. Ащ дэжьым унэ ихьэгъум пэ-
занкIэу пачъыхьэ тахътэм тесэу пачъыхьэр иунэшхо
исыгъ. 2 Щагум дэтэу пачъыхьэ гуащэу Эстэр зелъэ-
гъум, ар ащ нэшIукIэ еплъыгъ. Пачъыхьэм дышъэ
бэщэу ыIыгъыр Эстэр фищэигъ, пачъыхьэ гуащэр ащ
екIуалIи, дышъэ бэщ цыпэм теIэбагъ.

3 Пачъыхьэм Эстэр риIуагъ: «Сыда узгъэгумэкIы-
рэр, пачъыхьэ гуащэу Эстэр? Сыд фэдэ лъэIуа
уиIэр? Пачъыхьагъум ызыныкъу пIуагъэми, къыуа-
тыщт». 4 Эстэр къыIуагъ: «Пачъыхьэм игъоу елъы-
тэмэ, Хамэн игъусэу ар ешхэ-ешъоу сэ фэзгъэхьа-
зырыгъэм непэ ерэблагъ». 5 Пачъыхьэм къыIуагъ:
«Эстэр шIоигъор фэтшIэнэу псынкIэу Хамэн къа-
шъущэ».

Хамэн игъусэу пачъыхьэр Эстэр ыгъэхьазырыгъэ
ешхэ-ешъом кIуагъэ. 6 Санэм ешъохэзэ, пачъыхьэр
Эстэр еупчIыгъ: «Сыда узфаер? КъаIо, къыпфэс-
шIэщт. Сыд лъэIуа уиIэр? Пачъыхьагъум ызыны-
къо укъыкIэлъэIугъэми, къыпфэсшIэщт». 7 Эстэр
джэуап къытыгъ: «Мары сшIоигъоу сыкъызкIэлъэ-
Iурэр: 8 Пачъыхьэр нэшIукIэ къысэплъымэ, па-
чъыхьэм сызыфаеу сыкъызкIэлъэIурэр къысфи-
шIэнэу игъоу елъытэмэ, ащыгъум пачъыхьэр Хамэн

игъусэу афэзгъэхьазырыгъэ ешхэ-ешъом джыри не-
ущ орэкIох. Джащыгъум сэ пачъыхьэм иупчIэ джэуап
къестыщт».

*Мардохъай ыукIынэу Хамэн гухэлъ зэриIагъэр*

9 А мафэм Хамэн чэфэу, нэгушIоу къыдэкIыгъ. Ау
Хамэн пачъыхьэ къэлапчъэмэ адэжь Мардохъай щи-
лъэгъуи, ар къыфэмытэджэу, ыпашъхьэ зызщемы-
гъэсысыми, Хамэн лъэшэу фэгубжыгъ. 10 Ау Хамэн
ыгу теIункIэжьи, ядэжь кIожьыгъ. ЕтIанэ иныб-
джэгъухэмрэ ишъузэу Зэрэшрэ къащэнхэу алъигъэ-
кIуагъэх. 11 Ахэмэ Хамэн зыщытхъужьызэ, къафиIо-
тагъ мылъкушхо зэриIэр, ыкъохэр бэ зэрэхъухэрэр,
ар пачъыхьэм зэригъэлъэпIагъэм, пщыхэми пачъы-
хьэм икъулыкъушIэхэми лъагэу зэратыриIэтыкIы-
гъэм икъэбар.

12 Хамэн ащ къыхигъэхъуагъ: «Ежь пачъыхьэ гуа-
щэу Эстэри къыгъэхьазырыгъэ ешхэ-ешъом пачъы-
хьэмрэ сэррэ нэмыкI ригъэблэгъагъэп; джаущтэу
неущи сэ пачъыхьэм сыригъусэу ащ сыригъэблэ-
гъагъ. 13 Ау Мардохъай джуртыр пачъыхьэ къэлап-
чъэм дэжь щысэу сэлъэгъуфэ, а пстэуми сэркIэ пкIэ
яIэп». 14 Ишъузэу Зэрэши зэкIэ ежь иныбджэгъухэми
ащ раIуагъ: «Iэнтэгъу шъэныкъо* илъэгагъэу пылъа-
пIэ къарэгъэхьазыри, Мардохъай ащ палъэнэу па-
чъыхьэм пчэдыжьым елъэIу; етIанэ пачъыхьэм ури-
гъусэу ешхэ-ешъом чэфэу кIо».

Ар Хамэн ыгу рихьыгъ, пылъапIэри аригъэгъэхьа-
зырыгъ.

* 5:14 Метрэ тIокIырэ тфырэ фэдиз.

### Яхэнэрэ шъхьэр

*Пачъыхьэм Мардохъай лъытэныгъэ*
*зэрэфишIыгъэр*

6 [1]А чэщым пачъыхьэм чъыен ылъэкIыгъэп, арыти
ащ унашъо ышIыгъ ипачъыхьагъу лъэхъан фэгъэ-
хьыгъэ хъугъэ-шIагъэхэр зыдатхэрэ тхылъыр къыфа-
хьынэу; пачъыхьэм ащ къыфеджагъэх. [2]Ащ итхагъэу
къырагъотагъ пачъыхьэм фэлажьэрэ къэрэгъулитIоу,
ащ ипчъэшъхьаIу къэзгъэгъунэщтыгъэхэ Быхътанрэ
Тэрэщрэ пачъыхьэу Ахъашурэщ аукIынэу зэрэрахъу-
хьэгъагъэр Мардохъай зэраригъэшIэгъагъэр.

[3]Пачъыхьэм къыIуагъ: «Сыд фэдэ лъытэныгъа, сыд
фэдэ Iахьышlуа Мардохъай фагъэшъошагъэр?» Па-
чъыхьэм иунэIутхэм джэуап къатыгъ: «Зи ащ фашIа-
гъэ щыIэп». [4]«IофышIэ горэ дэта щагум?» — къэуп-
чIагъ пачъыхьэр.

Хамэн ащыгъум пачъыхьэм иунэшхо кIыб щыIэ
щагум дэтыгъ; Мардохъай фагъэхьазырыгъэ пылъа-
пIэм паригъалъэ зэрэшIоигъор пачъыхьэм риIонэу ар
къэкIогъагъ. [5]Пачъыхьэм иунэIутхэм къаIуагъ: «Ха-
мэн къэкIуагъэу щагум дэт». Пачъыхьэм къыIуагъ:
«Къерэхь». [6]Хамэн къызехьэм, пачъыхьэр ащ еуп-
чIыгъ: «Сэ лъытэныгъэ зыфэсшIы сшIоигъо цIыфым
сыд фасшIэмэ хъуна?»

Хамэн ыгукIэ зэриIожьыгъ: сэщ пэмыкIэу, хэта па-
чъыхьэм лъытэныгъэ зыфишIы шIоигъоштыр? [7]Ха-
мэн пачъыхьэм риIуагъ: «Пачъыхьэм лъытэныгъэ
зыфишIы шIоигъо цIыфым [8]пачъыхьэм щыгъырэ

шъуашэр къыфарэхь, пачъыхьэр зытесырэ шымэ
ащыщ къыфарэщ, пачъыхьэ паIом яхьыщырэу па-
чъыхьэм ишыхэр зэрагъэдахэрэм фэдэ шым ышъхьэ
тырарэлъхь.
9 Шъуашэмрэ шымрэ пачъыхьэм иапэрэ
пщымэ ащыщ горэм рарэти, а цIыфэу пачъыхьэм
лъытэныгъэ зыфишIы шIоигъом ахэр ащ щерэлъ,
шым тесэу къэлэ утыгум къырерэщ. Мэкъэ лъэшыкIэ
ащ ыпашъхьэ къыщерэIу: „Пачъыхьэм лъытэныгъэ
зыфишIы шIоигъо цIыфым джаущтэу дэзекIох!“»

10 Арыти пачъыхьэм Хамэн фигъэпытагъ: «Джыдэ-
дэм шъуашэри шыри штэхи, джа къызэрэпIуагъэм
фэдэу, пачъыхьэ къэлапчъэм дэжь щыс Мардохъай
джуртым дэзекIу. КъэпIуагъэм щыщ гори хэмыгъэз».
11 Хамэн шъуашэри шыри ыштэхи, Мардохъай ыфэ-
пагъ, ар шым тесэу къэлэ пчэгум къырищи, мэкъэ
лъэшыкIэ ащ ыпашъхьэ къыщиIуагъ: «Пачъыхьэм
лъытэныгъэ зыфишIы шIоигъо цIыфым джаущтэу
дэзекIох!»
12 Ащ ыуж Мардохъай пачъыхьэ къэлап-
чъэм дэжь къыгъэзэжьыгъ.

Ежь Хамэн, гукъэошхоу ышIыгъэм къыхэкIэу ышъ-
хьэ шъхьарыхъоныр къехъухыгъэу, гуIэзэ, ядэжь кIо-
жьыгъэ.
13 Ишъузэу Зэрэши зэкIэ ежь иныбджэгъу-
хэми къехъулIэгъэ пстэури Хамэн къафиIотэжьыгъ.
Арыти ащ иныбджэгъу акъылышIохэми ишъузи къы-
раIуагъ: «Мардохъаеу зыпкъ къикIыкIэ улъэпэонэу
ебгъэжьагъэр джуртмэ ащыщышъ, ащ о упэшIуе-
кIон плъэкIыщтэп, ежь, щэч хэмылъэу, о къыпте-
кIощт нахь».

14 Ахэр ащ дэгущыIэхэзэ, пачъыхьэм иевнуххэр
къэсхи, Эстэр къыгъэхьазырыгъэ ешхэ-ешъом гуIэ-
ным хэтхэу Хамэн зыдащагъ.

### Яблэнэрэ шъхьэр

*Хамэн къырыкIуагъэр*

7 1 Пачъыхьэр Хамэн игъусэу пачъыхьэ гуащэу Эс-
тэр дэжь ешхэ-ешъом кIуагъэ. 2 А ятIонэрэ мафэм,
санэм ешъозэ, пачъыхьэр Эстэр еупчIыгъ: «Пачъыхьэ
гуащэу Эстэр, сыда узыфаер? КъаIо, къыпфэсшIэщт.
Сыд лъэIуа уиIэр? Пачъыхьагъум ызыныкъо укъы-
кIэлъэIугъэми, къыпфэсшIэщт».

3 Пачъыхьэ гуащэу Эстэр джэуап къытыжьыгъ: «О,
пачъыхьэр, нэшIукIэ укъысэплъэу, игъоу олъытэмэ,
сшIоигъор – псаоу сыкъэбгъэнэнэу ары. ЛъэIоу къып-
фысиIэр лъэпкъэу сызыщыщыр умыгъэкIодынэу ары.
4 Сыда пIомэ тэ ахъщэкIэ тащагъ, сэри силъэпкъэгъу-
хэри лъэпсэкIоды ташIынэу, таукIынэу, тагъэкIоды-
нэу. ПщылIы ташIынэу тащэгъагъэмэ, зи сIоныеп,
сыда пIомэ ащ фэдэм пае пачъыхьэр бгъэгумэкIы-
ныр тэрэзынэп».

5 Пачъыхьэу Ахъашурэщ пачъыхьэ гуащэу Эстэр
еупчIыгъ: «Хэта ар, тыдэ щыIа, мыщынэу ащ фэдэ
зыгу къэкIыгъэр?» 6 Эстэр къыIуагъ: «Пыйри джэгъо-
гъури мы лIы бзаджэу Хамэн ары!»

Джащыгъум пачъыхьэмрэ пачъыхьэ гуащэмрэ апа-
шъхьэ Хамэн зэрэщынэрэм къыхэкIэу къыщыкIэ-
зэзыгъ. 7 Губжым хэтэу пачъыхьэр ешхэ-ешъом къы-
хэтаджи, пачъыхьэ чъыгхатэм дэхьагъ. Хамэн, ыпсэ
къыгъэнэжьыным пае, Эстэр елъэIунэу къэнагъ, сы-
да пIомэ ащ пачъыхьэм ыгъэкIодынэу зэрэрихъухьа-
гъэр къыгурыIуагъ.

[8] Пачъыхьэ чъыгхатэм пачъыхьэр къыдэкIыжьи, зыщешъоцтыгъэхэ унэм къызегъэзэжьым, Эстэр игъолъыпIэ Хамэн зытыридзагъэу ылъэгъугъ. Арыти пачъыхьэр къэкууагъ: «Аужыпкъэм сиунэ кIоцI сэ сапашъхьэ пачъыхьэ гуащэм лые щырихы шIоигъу!»

Пачъыхьэм ыжэ а гущыIэр къызэрэдэкIэу, агъэмысэхэрэм зэрарашIэ хабзэу, Хамэн ынэгу рахъуагъ.
[9] Пачъыхьэм иевнухмэ ащыщэу Хъарбонэ къыIуагъ: «Марыба пылъапIэри, Iэнтэгъу шъэныкъо* илъэгагъэу Хамэн иунэ дэжь щыт. Пачъыхьэр къэзгъэнэжьыгъэ Мардохъай пае ар Хамэн ыгъэхьазырыгъагъ». Пачъыхьэм къыIуагъ: «Ар джащ пышъулъ».

[10] Мардохъай пае ыгъэхьазырыгъэ пылъапIэм Хамэн палъагъ. Ащ нэуж ныIэп пачъыхьэм игубж зыIэсэжьыгъэр.

**Яенэрэ шъхьэр**

*Джуртмэ яIоф нахьышIум фэузэнкIыгъэ зэрэхъугъэр*

8 [1] А мафэм пачъыхьэу Ахъашурэщ джуртмэ япыеу
Хамэн иуни зэкIэ имылъкуи пачъыхьэ гуащэу Эстэр ритыгъ. Пачъыхьэр Мардохъай къеджагъ, сыда пIомэ ар ежь Эстэр къызэрэфыщытыр ариIогъагъ.
[2] Пачъыхьэм имыхъурэу Хамэн къыIихыжьыгъагъэр ыIапэ къыпихи, Мардохъай ритыгъ**. Хамэн иуни

---

* 7:9 Епгъ я 49-рэ нэкIуб.

** 8:2 Хамэн ычIыпIэкIэ хэгъэгум анахь IэнэтIэ инэу илъыр ритыгъ.

зэкIэ имылъкуи алъыплъэнэу Эстэр Мардохъай ыгъэ-
нэфагъ.

[3]Эстэр джыри зэ пачъыхьэм дэгущыIагъ, ащ ыпа-
шъхьэ зыщыридзыхи, гъызэ елъэIугъ агъагъ лъэп-
къым щыщэу Хамэн бзэджагъэу джуртмэ аришIэ-
нэу рихъухьагъэр ашъхьарищынэу. [4]Пачъыхьэм ды-
шъэ бэщыр Эстэр фищэигъ. Эстэр къэтэджыгъ,
пачъыхьэм ыпашъхьэ къиуцуи, [5]къыIуагъ: «Пачъы-
хьэм игъоу ылъытэу, нэшIукIэ къысэплъэу, мы Iофы-
ри шIозафэу, ыгу сырехьэу щытымэ, ащыгъум
унашъо къыдерэгъэкI Хамэн ытхыгъэ тхылъхэр къы-
зэкIагъэкIожьынхэу. Пачъыхьэм ихэку пстэуми ащы-
псэурэ джуртхэр ыгъэкIодынхэу, агъагъ лъэпкъым
щыщ Хьамэдат ыкъоу Хамэн ытхыгъэхэр арых зи-
гугъу къэсшIырэр. [6]Армырмэ тхьамыкIагъоу силъэпкъ
зыхэфэщтым сыдэущтэу сеплъын слъэкIына, лIа-
къоу сыкъызхэкIыгъэр зэрэкIодыщтыри сыдэущтэу
сфэщэчына?»

[7]ЕтIанэ пачъыхьэу Ахъашурэщ пачъыхьэ гуащэу
Эстэри Мардохъай джуртыми ариIуагъ: «Мары, Ха-
мэн иуни зэкIэ имылъкуи сэ Эстэр естыгъ, джуртмэ
ыIэ зэратырищэягъэм пае ежьыри пылъапIэм пязгъэ-
лъагъ. [8]Шъо джы джуртмэ афэгъэхьыгъэу тэрэзэу
шъулъытэрэр пачъыхьэм ыцIэкIэ шъутхы, пачъыхьэ
мыхъурри кIэшъудзэжь, сыда пIомэ пачъыхьэм ыцIэ-
кIэ атхыгъэу, ащ имыхъур зыкIадзэжьыгъэр зэблэп-
хъун плъэкIыщтэп».

[9]А мэфэ дэдэм, ящэнэрэ мазэу, Сиуан мазэм
иятIокIэнэрэ щырэ мафэ пачъыхьэм итхакIохэм
къяджагъэх. Мардохъай зэкIэ къыIуагъэм тет шъып-
къэу хэкуишъэрэ тIокIырэ блырэ хъурэмэ унашъо
къафыдагъэкIыгъ: джуртхэм, сатрапхэм, хэку пэпчъ

Iэшъхьэтетэу иIэм, лъэпкъ пэпчъ пщэу иIэм, Индием
щегъэжьагъэу Кущ* нэсыжьэу. Хэку пэпчъ тхакIэу
илъымкIэ, лъэпкъ пэпчъ ежь ыбзэкIэ, джуртхэми
ежьхэм ятхакIэкIи абзэкIи ахэм атхыгъ. [10] Пачъыхьэу
Ахъашурэщ ыцIэкIэ Мардохъай аригъэтхи, пачъыхьэ
мыхъурыри акIидзэжьыгъ, пачъыхьэм пае къыхахыгъэ шы лъэпкъ псынкIэхэм атес мэкъэгъэIухэм
аIэкIилъхьи, тхылъхэр афаригъэщагъэх.

[11] Мары пачъыхьэм а иунашъо итыгъэр: сыдрэ къали дэс джуртхэр зэрэугъоинхэшъ, ящыIэныгъэ къаухъумэжьын фитых. Лъэпкъхэу, хэкухэу джуртхэм ябзылъфыгъэхэри ясабыйхэри зэрахэтэу атебанэхэрэм
ядзэхэр ахэм агъэкIодынхэ, аукIынхэ, лъэпсэкIод
ашIынхэ, ямылъкуи зэрапхъон фитых. [12] А пстэури
тыдэкIи гъэцэкIагъэ зыщыхъун фэягъэр пачъыхьэу
Ахъашурэщ зэкIэ ихэкухэм а зы мафэм, япшIыкIутIонэрэ мазэу Адар зыфаIорэм ияпшIыкIущэнэрэ маф ары.

[13] А унашъом тетхыкIыгъэхэр хэбзэ кIуачIэ яIэу хэку пэпчъ къыщыдагъэкIын фэягъ. А унашъор лъэпкъ
пстэуми арагъэIунэу щытыгъ. А мафэм ехъулIэу ежьхэм алъ ашIэжьынэу джуртхэр хьазырынхэ фэягъ.
[14] Пачъыхьэм ишы чъэрмэ атесхэу мэкъэгъэIухэр, пачъыхьэм иунашъо фэIорышIэхэу, псынкIэу езэрэгъэфыжьагъэх. Пачъыхьэ пытапIэу Шушан дэтыми ежь
къалэми унашъор щагъэIугъ.

[15] Пачъыхьэ шъуашэр, ышъокIэ шхъонтIэ-шIуцIашъоу ыкIи фыжьэу, дышъэ пэIошхор, шэкI фыжьымрэ шэкI плъыжь-чIапцIэмрэ ахэшIыкIыгъэ абэр
щыгъхэу Мардохъай пачъыхьэм ыдэжь къикIыжьыгъ.

---

* [8:9] *Кущ* – епгъ я 37-рэ нэIкуб.

Къалэу Шушан къэчэфыжьи, къэгушIожьыгъ. [16] А
уахътэм джуртхэм дунаир къафэнэфыгъ, гушIуа-
гъуи яIагъ, лъытэныгъи къафашIыгъ. [17] Хэку пэпчъи,
къалэ пэпчъи, сыдрэ чIыпIи, пачъыхьэм иунашъо-
рэ ыухэбзыгъэмрэ зынэсыхэрэм, джуртхэр щычэ-
фыщтыгъэх, гушIуагъо яIагъ, ешхэ-ешъом хэтхэу ямэ-
фэкIыгъ. Хэгъэгум ицIыф лъэпкъыхэм ащыщыбэхэм
джурт зашIыгъ, сыда пIомэ джуртхэм ащыщынэхэ
хъугъагъэх.

## Ябгъонэрэ шъхьэр

*Джуртхэр япыйхэм зэратекIуагъэхэр*

9 [1] ЯпшIыкIутIонэрэ мазэу, Адар мазэмияпшIыкIу-
щэнэрэ мафэ пачъыхьэм иунашъорэ ыухэбзыгъэ-
мрэ агъэцэкIэнэу игъо къэсыгъ. А мафэр ары джурт-
хэм тетыгъо афыряIэнэу япыйхэр зыгугъэщтыгъэ-
хэр. Ау Iофыр шъхьафэу къычIэкIыгъ – ежь пыйхэр
джуртхэм аIэ илъ хъугъэх. [2] Пачъыхьэу Ахъашурэщ
ихэку пстэуми арыт къалэхэм джуртхэр ащызэрэу-
гъоигъэх – бзэджагъэ зыгу къафилъыгъэхэм языон-
хэу; ахэмэ ащыщ гори джуртхэм къапэуцужьын
ылъэкIынэу щытыгъэп, сыда пIомэ зэкIэ цIыф лъэп-
къыхэр джуртхэм ащыщынэхэ хъугъагъэ. [3] Хэку пэпчъ
Iэшъхьэтетэу иIэр, сатрапхэр, хэку пэпчъ пщэу иIэр,
пачъыхьэм икъулыкъушIэхэри джуртхэм къадеIэщты-
гъэх, сыда пIомэ ахэм Мардохъай щынэгъошхо фа-
шIыгъагъ. [4] Пачъыхьэм иунэ Мардохъай щылъэшыгъ,
икъэбар хэку пстэуми къащекIокIыщтыгъ, ежьыми
нахь лъагэу зиIэты зэпытыщтыгъ.

5 Джуртхэм япыйхэр чатэкIэ яохэзэ аукIыщтыгъэх,
лъэпсэкIод ашIыхэзэ, зэрэфаехэу яджэгъогъухэм адэ-
зекIощтыгъэх. 6 Пачъыхьэ пытапIэу Шушан дэты-
ми джуртхэм нэбгырэ шъитф фэдиз щаукIыгъ ыкIи
щагъэкIодыгъ. 7-10 Ахэмэ джуртхэм япый Хьамэдат
ыкъоу Хамэн ыкъуипшI ахэтыгъ, ахэр: Парщандат,
Далфон, Аспат, Порат, Адалый, Арыдат, Пармашт,
Арысай, Арыдай, Уайзэт. Ау хъункIэн Iоф джуртхэм
зэрахьагъэп.

11 А мэфэ дэдэм пачъыхьэ пытапIэу Шушан дэтым
щаукIыгъэм ипчъагъэ пачъыхьэм раIожьыгъ. 12 Па-
чъыхьэм пачъыхьэ гуащэу Эстэр риIуагъ: «Пачъыхьэ
пытапIэу Шушан дэтым джуртхэм нэбгырэ шъитф
фэдизырэ Хамэн ыкъуипшIырэ апсэ щыхахыгъ. Адэ
нэмыкI хэкоу пачъыхьэм ыIэ илъхэм сыда ахэм
ащашIагъэр? Джыри зыгорэм уфая? КъыпфэсшIэн.
Сыд лъэIуа джыри уиIэр? Ари къыпфэсшIэн». 13 Эс-
тэр къыIуагъ: «Пачъыхьэм игъоу елъытэмэ, Шушан
дэс джуртхэм фитыныгъэ арарэт хабзэм теткIэ непэ
ашIагъэм фэдэ неущи ашIэнэу. Хамэн ыкъуипшIымэ
яхьадэхэр пылъапIэм парэлъэх».

14 Пачъыхьэм джаущтэу ашIынэу афигъэпыти, Шу-
шан унашъо къыщыдигъэкIыгъ. Хамэн ыкъуипшIы-
мэ яхьадэхэр пылъапIэм палъагъэх. 15 Шушан дэс
джуртхэр джащ фэдэу Адар мазэм ияпшIыкIуплIэнэ-
рэ мафи зэрэугъойхи, Шушан нэбгырэ шъищ фэдиз-
мэ апсэ щыхахыгъ, ау ахъункIагъэхэп.

16 НэмыкI джуртхэу пачъыхьэм ихэкухэм арысыгъэ-
хэри апсэ къаухъумэжьынэу зэрэугъоигъагъэх, япый-
хэмкIэ гупсэф агъотынэу, яджэгъогъухэм ащыщэу
нэбгырэ мин тIокIищырэ пшIыкIутфырэ фэдизмэ
апсэ хахыгъ, ау хъункIэ ашIагъэп. 17 Ар зыхъугъэр

Адар мазэм ияпшIыкIущэнэрэ маф ары. А мэзэ дэ-
дэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ ахэм загъэпсэфи, еш-
хэ-ешъомрэ чэфыгъомрэ ямафэу ар ашIыгъ. [18] Ау
Шушан дэсыгъэ джуртхэр а мазэм ияпшIыкIущэнэ-
рэ мафи, ияпшIыкIуплIанэрэми зэонхэу зэрэугъои-
гъагъэх. ЯпшIыкIутфэнэрэ мафэм загъэпсэфыгъ, ар
ешхэ-ешъомрэ чэфыгъомрэ ямафэу ашIыгъ. [19] Джащ
пае джуртхэу, къоджэ, къэлэ цIыкIухэм адэсхэм Адар
мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ ешхэ-ешъомрэ чэ-
фыгъомрэ ахэтхэу, шхын IахьышIухэр зэфагъэхьы-
жьызэ, мэфэкI мафэу агъэмэфэкIы.

*Мардохъай Пурим мэфэкIыр зэригъэнэфагъэр*

[20] Мардохъай а хъугъэ-шIагъэхэр зэкIэ ытхыхи, па-
чъыхьэу Ахъашурэщ ихэкухэм зэкIэ джуртэу арысхэм,
чыжьэхэми благъэхэми, тхылъхэр афигъэхьыгъэх.
[21] АщкIэ афиухэсыгъ илъэс къэс Адар мазэм ияпшIы-
кIуплIэнэрэ, ияпшIыкIутфэнэрэ мафэхэр агъэмэфэ-
кIынэу. [22] Мы мафэхэр арых джуртхэм япыйхэмкIэ
гупсэф зыщагъотыгъэр. Мы мазэр ары янэшхъэигъо —
гушIуагъо, ятхьамыкIагъо — мэфэкI зыщыхъугъэхэр.
Ащ пае апшъэ рилъхьагъ ешхэ-ешъомрэ чэфыгъомрэ
яIэхэу а мафэхэр агъэмэфэкIынэу, шхын IахьышIу-
хэр зэфагъэхьыжьынэу, тхьамыкIэхэм шIухьафтын
аратызэ ашIынэу.

[23] Аущтэу а мафэхэр, Мардохъай зэрафитхыгъэм
тетэу агъэмэфэкIынэу зэраублагъэм фэдэу, джуртхэм
илъэс къэс лъагъэкIуатэщтыгъ. [24] Сыда пIомэ агъагъ
лъэпкъым щыщэу Хьамэдат ыкъо Хамэн, джурт пстэу-
ми япыим, джуртхэр ыгъэкIодынхэу рихъухьи, ахэр
зыщигъэкIодыщт мафэр ыгъэунэфынэу пур — къи-
кIырэр пхъэдз — ридзэгъагъ. [25] Ау Эстэр пачъыхьэм

дэжь зэкIом, пачъыхьэм тхылъ аригъэтхыгъ гухэлъ бзаджэу Хамэн джуртхэм яхьылIагъэу ышIыгъагъэр ежь къытефэжьынэу, ежьыри ыкъохэри пылъапIэм палъэнхэу унашъуи къыдигъэкIыгъ.

[26] Джары а мафэхэм Пурим зыкIафаусыгъэр, гущы-Iэу «пур»* зыфиIорэм къытекIэу. ЗэкIэ мы тхылъым ит гущыIэ пстэуми адиштэу, ежьхэми алъэгъугъэу, къяхъулIагъэмэ адиштэу, [27] джуртхэм зэдаштагъэ, ежь-хэми атекIыщтхэми апшъэ ралъхьажьыгъ, ядин зыш-тэхэри зэрахэтэу, Мардохъай иунашъо тетэу, охътэ гъэнэфагъэм илъэс къэс дэх имыIэу а мэфитIур агъэ-мэфэкIынэу. [28] А мафэхэр ащымыгъупшэу хагъэунэ-фыкIызэ ашIынэу, лIэужэу къакIэлъыкIохэрэми, лIа-къо пэпчъ, хэку пэпчъ, къалэ пэпчъ агъэмэфэкIын фае. Пурим мафэхэр джуртхэм аIэкIэмызэу, ате-кIыщтхэми а мафэхэм ягъэмэфэкIын щамыгъэты-жьынэу унашъо зэдаштагъ.

[29] ЕтIанэ пачъыхьэ гуащэу Эстэр, Абихъаил ыпхъу, Мардохъай джуртыр игъусэу тхылъ ытхыгъ, ыпэкIэ Пурим мэфэкIым фэгъэхьыгъэ тхылъэу Мардохъай ытхыгъагъэр къыгъэшъыпкъэжьынэу. [30] Ахъашурэщ ипачъыхьагъу ит хэкуишъэрэ тIокIырэ блырэмэ арыс джурт пстэуми мамырныгъэрэ зыпкъ итыныгъэрэ яIэ-мэ зэрашIоигъом ехьылIэгъэ гущыIэхэр зэрыт тхылъ-хэр афагъэхьыгъ. [31] ЕтIани а тхылъхэм арытыгъ Пу-рим мафэхэр джуртхэмрэ ахэм ялIэужхэмрэ охътэ гъэнэфагъэм агъэмэфэкIынэу. А унашъом нэмыкI мэфэкIхэмрэ нэкIымрэ тхьаусхэнымрэ ямэфэкIхэмрэ Пурим мэфэкIхэр ахагъэхъонэу къыдилъытэщтыгъэ. А унашъор Мардохъайрэ пачъыхьэ гуащэу Эстэррэ

---

* 9:26 *Пур* – пхъэдз, *пурим* – пхъэдзхэр.

къыдагъэкIыгъагъ. 32 Эстэр мы иунашъо Пуримым
фэгъэхьыгъэ хабзэхэр къыгъэшъыпкъэжьыгъэх ыкIи
ахэр тхылъым ратхагъэх.

**ЯпшIэнэрэ шъхьэр**

*Мардохъай лъытэныгъэшхо зэрэфашIыгъэр*

10 1 Ащ ыуж пачъыхьэу Ахъашурэщ ипачъыхьагъу
хы Iушъом нэсэу щыпсэурэ цIыфмэ хьакъулахь
атырилъхьагъ. 2 Ащ зэкIэ Iофышхо гъэшIэгъонэу
ышIагъэхэмрэ Мардохъай зэригъэлъэпIагъэм икъэ-
бархэмрэ Персиемрэ Мадаимрэ япачъыхьэхэм ялъэ-
хъан хъугъэ-шIагъэхэр зыдатхэщтыгъэ тхылъым дат-
хагъэх. 3 Мардохъай джуртыр пачъыхьэу Ахъашурэщ
ыужкIэ хэгъэгум иятIонэрэ цIыфэу щытыгъ. Ащ
джуртхэм лъытэныгъэшхо фашIыщтыгъ, илъэпкъэ-
гъухэм лъэшэу шIу алъэгъущтыгъ. Мардохъай ишIуа-
гъэ илъэпкъ ригъэкIыщтыгъ, игущыIэкIи шIу афи-
шIэщтыгъ.

**Библием изэдзэкIынкIэ Институтым Библием щыщ тхылъхэу мы къыкIэлъыкIохэрэр адыгабзэкIэ къыдигъэкIыгъэх:**

Къэбарышlур
Самуел, Саул, Даут: Израилым ицIыф пэрытых
(Апэрэ Самуел, ЯтIонэрэ Самуел)
УблапIэр

**КъыдэкIыным фагъэхьазырых:**

Гугъэ Орэдхэр
Апэрэ пачъыхьагъур, ЯтIонэрэ пачъыхьагъур